ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКІУ

АДЫГЭ ХЕКІЫНЫГЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№127 (21.035) ● 2007 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 4, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●
adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● ЗэІущІэхэр

Къэрал Советыр мэлажьэ.

Шыгъуэгъуэм и 31-р къызэрэщыІэкІыпІэм ирагъэжьауэ ІущІэкІэхэр.

Араш ехъулІэныгъэм и лъабжьэр

Урысей Федерацэм и Къэрал Советым и зэІуІущІэм, УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэм и щІэту мэкъуауэгъуэм и 29-м Дон Іуфэм Іус Ростов къаІэм щекІуэкІам, хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ, УФ-м и Къэрал Советым и Президиумым хэт Араш Ростов Арсен.

ТхьэкІуцІынэ Аслъэнджэрийрэ Къаноокъуэ Арсенрэ я пресс-конференцым.
Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

КЪЭРАЛ Советыр щызэчэнджэщ органщ, УФ-м и Президентыр и унафэщІу, мыдрейуэ абы хэтхэр Федерацэм и субъектхэм я унафэщІ нэхъыщІэхэрщ. Йужьрей дыдэу Советым и зэІущІэр щекІуэкІар 2006 гъэм дыгъэгъазэм и 26-рщ икІи абы щытепсэльыхьауэ щытащ цыхьфэ щэнхабзэр дэІыгъыным и Іуэхум.

Иджырей зэІущІэм и лэжьыгъэм щІидзэным и пэ къинхуэу Къэрал Советым хэтхэр щыІащ щытыкІэм щыкІэтыплъ «Шынагъуэнщэ кІалэ» зыфІаща центрым, Дон Іуфэм Іус Ростов къалэм террорист шынагъуэ къэмыгъэхъуныр, жылагъуэ хабзэр хъумэныр кІыщыкІэгъэпэщын щхьэкІэ ауухам. Ар къалэ уэрамхэм щыфІэдза камерэ 138-м трахкэм монитор хэмкІэ кІэлъыплъ оператор 17-р зыщІэс пэщщ, ЗэІущІэм хэтхэр апхуэдэуи щыІащ «Урысей губгъуэм и махуэ - 2007» зыфІаща выставкэм. Абы щагъэлъагъуэрт хэку мэкъумэщ селекцэм и ехыулІэныгъэхэр, апхуэдэуи агротехникэ къыщІэзыІэтыкІ компание 25-м я Іэдакъэщ-щІэкІэр.

Къэрал Советым и зэІущІэрэ **Путин Владимир** къызэІуихащ. Абы къыхигъэщащ мы зэхуэсым зи гугъу щащІыну Іуэхум ильэситІкІэ узэІэбэкІыжмэ, Къэрал Советыр Къэзан къалэм щытепсэльыхьауэ зэрыщытар, ауэ уэрамым щалэжь щІэпхъаджагъэхэр мы гъэм процент 4,5-кІэ нэхъ мащІэ хъуамэ, зэщІэгъэзыІауэ, къыгъэзэжу ялэжь щІэпхъаджагъэхэр иджыри куэд зэрыхъур. Абы къыщыныжмыщІауэ, щІэпхъаджагъэхэм я ныхьэ щанэр чэф япхъыгу ялэжь. Балитэ мыхъуэхъуэм ялэжь щІэпхъаджагъэхэри куэд мэхъу. Президентым апхуэдэуи, арэзы темыхъуэу жиІащ балигъ мыхъуахэм зыкъуфащІэ лэжьыгъэ ящІэзыгъэкІуэкІ психологхэр, педагогхэр щІэныгъэр щыІэ зэрыхьу процент 57-р процент 20-м хуэдизкІэ нэхъ мащІэ ищІыфынущ. Ауэ инвесторхэм я гупэр республикэм къыхуагъэзэами, абыхэм къабгъэдэкІыр зэкІэ мащІэщ ехъулІэныгъэм щыщІэу зегъэужьыным щхьэкІэ: Инвесторхэм Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэр къыщыхахыр псом яужьыкІэщ. Ахэр зэкІэ кІыхьэрыдэхьхьэкъыфынур щІыщІагъ хъуГъуэфІыгъуэхэр къыщІэжьынм, абыхэм елэжьыным я лъэныкъуэкІэщ. Абы къыхэкІыни щІыпІэмкІэ щытепсэльыхьэм зыщегъэхъуэжьынымкІэ дэІэпыкъуэгъу хъунур республикэм я хъыбарыфІ зэхедгъэкІэрэщ икІи нобэ абы гугъыгъэшхуэ худощ., - жиІащ КъБР-м и Президентым. Къаноокъуэ Арсен журналистхэм апхуэдэуи жриІащ щІалэгъуалэр Урысейм, нэгъуэщІ къэралхэм я еджапІэ нэхъыщхьэхэм еджакІуэ 2008 гъэм щыщІэдзауэ ягъэкІуэну республикэ унафэщІхэм зэрамурадыр. «Мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым хурикъуркъым кадрэмрэ технологиемрэ пъагэхэмрэ. Дэ дыхуейщ куэд зыхуэзэфІэкІ щыхухэм икІи абыхэм нэхъри зегъэужьыныжмкІэ зыхуэфащэ щытыкІэхэм. Ди щІалэгъуалэр нэгъуэщІ щІыпІэхэм щегъэджэн хуейщ, я Іэзагъэм хагъэхъуауэ. ІэкІуэтлакІуагъэ агъуэтауэ къагъэзэжу проектыщІэхэр республикэм и щІыналъэм щагъэзэщІэн щхьэкІэ. Армыхьмэ нэгъуэщІ гуэрхэм я акъылыр къыдэхуныр ди дежкІэ икъукІэ пъапІэ хъунущ».

Пресс-конференцым и ужькІэ Хъыбарыщ ІэхэмкІэ урысей ІэнатІэм ирита интервьюм Къаноокъуэ Арсен къыщыгъуэбыІащ УФ-м и Къэрал Советым зыщытепсэтэныхьа Іуэхум: «Ди дежкІэ а Іуэхур икъукІэ зи чэзууэ щытащ, сыту жыпІэмэ ди республикэм экономикэм псынщІэу зыщыпхуегъэужьынукъым, жылагъуэ шынагъуэншагъэ щымыІэу икІи Урысейм и Президентым кынгъэпъэгъуэ Іуэхугъуэхэр щызэфІэмыгъэкІауэ. Абы къыхэкІыуи дэ куэдым дегупсысащ Іуащхьэмахуэ пъапэмк, санаторэ-курорт комплексми зетъуэжьынымкІэ. Зи гугъэщ ди дежкІэ къакІуэ щІыхуэхэм я шынагъуэншагъэр - къыззэдгъэпэщынхуейуэ. Сабэпынагъыщхуэ зыпыІэ псаупъэмакъ екІуэкІащ. Къапщтэмэ, «ШынагъуэнщэкІэ къаІэ» Ростов программэм, нэгъуэщІ къуэрыкІуэ гъэщІэгъуэнхэми ехьэлІауэ».

А махуэ дыдэм Ростов къалэм и щыгъэжапІэм Урысейм и Президентым и сауТэгъэр къэхъыным теуХуэ зэхъэщхэуэ щекІуэкІащ. Абы епІъахэщ Путин Владимир, Молдавием, Узбекстаным, Азербайджаным, Армением я президентхэр, Урысейм и щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэр. ЩІыхь зиІэ хьэщІэу а шыгъажэм щыІащ Бенеесуэлэм и Президент Чавес Уго Ростов къалэм и шыгъэжапІэм и призыр къэхьыным къыщыІэдзэжахэм Къэбэрдей-Балъкъэрым икІа Калмбр хакІуэр призер щыщІэу, етІуанэ уныпІэр кІихьри.

ХЬЭГУАР Э Джамилэ.
Ростов - Налшык.

Нэхъ йозэгъ

● ЗэпыщІэныгъэхэр

Блышхъэ кІуам Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Къаноокъуэ Арсен къыргъэблагъащ Льеж университетым щыщ профессор-генетик Паскаль Лерой, Мадрид къикІа, шы гъэхъунымкІэ Іэщ Іагъэлі Жозе Луис Ортиз, «Стратегикэ» ООО-м и дунейпсо зыужьыныгъэмкІэ и директор Жоэль Лотье.

ЗЭІУЩІЭР екІуэкІащ «Стратегикэ» ООО-м и унафэщІхэм яшыщ Идрисов Александр и жэрдэмкІэ. А компаниер КъБР-м и зыужьныныгъэм и стратегиер зэхэзылъхьэ нэхъыщхьэу щытщ икІи а программэр гъэзэщІэнымкІэ, апэкІэ гъэкІуэтэнымкІэ щІэтгъэкъуэн мэхъу.

ХьэщІэхэр къыщІэкІуар республикэм, абы бгъэдэль Іэмалхэм щыгъуазэ защІын папщІэщ. Паскаль Лерой зиумысыжащ «Кавказыр езыр зыпэпльам хуэмыдэу иджырей зэманым ирах елэн мэхъ» кІыхьэрыщІэкІамкІэ. ЩІыуэпсым мыбы щиІэ щытыкІэхэм Іэмал къуат щхьныгъуэ къабзэ къэблэжьыну икІи Европэм ебгъэшэну, къапщтэмэ, абы щІэупщІэшхуэ щызиІэ лыр. «Къэбэрдей-Балъкъэрыр хуэфынуГ Іэщ лъэпкъыфІхэр щагъэхъуэщІыпІэ», - жиІащ хьэщІэм. ГугъанІофІхэр щыІэщ шы гъэхъуным зегъэужьыным и лъэныкъуэкІи. А ІэнатІэмкІэ Іэщ Іагъэлі Жозе Луис Ортиз къельыгъ шыхэр фІыуэ зыльагъуэр дунейм щыкуэд дыдэу икІи ахэр гъэхъуныр хэхъэшхуэ къозытын бизнес лІэужьыгъуэу, Къапщтэмэ, Франджым шы гъэхъун Іуэхум кьыззщІеубыдэ зы мелуан нэхьрэ мынэхъ мащІэ ЩІыху бжыгъэ. Ахэр йолэжь ерыскъыгъуэхэр гъэхъэзырным, щолажьэ фармацевтикэ, ветеринарие ІэнатІэм, транспортым - зы псальэу жыпІэмэ, индустриер инщ. Абы къищынэмыщІауэ а Іуэхур иджыри зы Іэмалыфщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр зищІысым дунейпсо щыгъэгъуэзэнымкІэ. Къаноокъуэ Арсен хьэщІэхэм яжриІащ шы гъэхъуным и Іуэхур къэгъэщІэрэщІэжыным и ужь республикэм щихьа къудейуэ зэрыщытыр. Иджыпсту къалэну зыхуагъэувыж адыгэ, инджылыз-адыгэ, инджылыз шы лъэпкъэхэр гъэхъуным яужь ихьэжьыныр. Абыхэм ящыщу адыгэщхэм нэмыцэхэр нэхъ дехьх, уеблэмэ езыхэм я хэкум шы гъэхъуныр фІыуэ зыльагъуэхэм я гъэдэкІ, а Іэнатіэр фейдэ кІыхьу зетхъэн щхьэкІэ щІэн хуейхэм щыгъуазэ дащІу. Дэ дыхуейщ дунейпсо щыгъажэхэм хэтыфыну икІи текІуэныгъэ къыщыказыхьыфыну, КъБР-м и пщІэмрэ и щІыхьымрэ къэІэтыныжмкІэ сэбэн хуэфыну шыгъажэщэр къэдгъэхъуну. Республикэр ресурсхэм хуэныкъуэкъым, - къыхигъэбелжьыльащ Президентым. - Ауэ ар хуэныкъуэщ технологие льагъэхэм, гупсысэрэ жэрдэмрэ къызыпкърыкІын, ар Іуэху пыухыкІам хуэзыгъэкІуэн ІэщІагъэзІхэм». ЗэпсэльхэрэзэгурыІуащ проект пыухыкІахэм зэгъэсэу зэдгъэжьыну. ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Іуачэщ **Ярин Андрей,** абы и къуэдзэхэу **Тхьэгъэпльыж Муратрэ Чеченов Ануаррэ.**

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхуущ Іанэ.

Франджым, Испаниемрэ къикІа хьэщІэхэр.
Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Псыдзэм щахъумэ

АДЫГЕЙ. *КъызэрымыкІуэ щыпыкІэхэр къэмысъэхьуныжрэ абы и лъэужьхэр гъэкІуэдыжыныжмкІэ комиссиуэ республикэм и правительствэм и деж щыІэм иджыдэлагъэ ирилъэкІуэкІа зэІущІэр тесхуауэ щыпхи Мейкъуапэ къыщІэкІащ псыкІэ зыгъэнщІбжьымрэ гъэкъамийхэр, жьы зэрыхъуам къыхэкІыу зэхъуэжьыным. А лэжьыгъэхэм яужь ихьэн папщІэ щыпІэ бюджетым сом мелуан 25-рэ къыхэгъэкІыр хуейщ.*

АБЫ нэмыщІкІэ, комиссэм кьыпэщылъщ бжьамийхэр щІэуэ зэрауакъуэдиинум и проектыр игъэхьэзырыну. Ар тэмэму зэфІэкІын щхьэкІэ федерал правительствэм сом мелуаних къыуТыпыщІын хуейщ.

Къыхэдгъэщынщи, Мейкъуапэ къалэмрэ абы щхьэдыІа жылагъуэхэмрэ псыкІэ зыгъэнщІ бжьамийр зыхрыхъам къыхэкІыу, псыдзэхэм, щІы кьехъэм ар зэгуатхынкІэ щынагъуэ щыІэщ.

Телевиденэщ Іэ

АБХАЗ. *Абхаз къэрал телерадиокомпаниим къыдэкІуэу мы махуэхэм Сыхьэм гъэкІэн щыщІидзащ «Абаз-ТВ» телевидеоу щыхэхуитым. Абы и инвестиц ХьэщІэгу Руслан къызэрыгъэщамкІэ, иджыпстукІэ абыхэм къыптынур хъыбарыщІэхэм я закъэщ.*

ХЪЫБАРЫЩІЭХЭМ къыдэкІуэу «Абаз-ТВ» компаниием хэщІэнымкІэ къриубыдэу щэ-плІэ иригъэкІуэкІыщ «Махуэм и интервью» нэтын занщІэр. ХьыбарыщІэхэр зэрекІуэкІынур урысыбзэкІэщ, ахэр зэщІэкъуэжауэ тхьэмахуэм зэ абхъазыбзэкІэ къатыжынущ. Компанием и каналыр зэкІэ къыщауБыдыфынур Сыхьэм кьалэ, Сыхьэм, Гулрыщ районэрщ.

«Абаз-ТВ»-р кьыззэгъэпэщар щыпІэ парламентым и депутату щыта, хьэрыгъэтыщІэ Бутбэ Беслъэнщ. Ауэ ХьэщІэгу Руслан кьыззрыхигъэщамкІэ, абыхэм я лэжьыгъэм, штат политикэм ар кьыхэІэбэнукъым, ахьшэкІэ закъыщІигъэкъуэн мыхъумэ.

Лъэпкъхэм я махуэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Республикэм и президент Батдыев Мустэфа и унафэкІэ бадзэуэгъуэм и 3-р щыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныкъэм и махуэр ягъэувыж икІи ар хэІэтыкІауэ ягъэлъапІэ.*

МЫ ИЛЪЭСРИ апхуэдэу щытащ. Къэрэшей-Шэрджэсым и лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм, зэкъуэтыныгъэм щыхьэт техьэуэу республикэм и районэхэм, кьалэхэм гуфІэгъуэ зэхуэсхэр, концертышхуэхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр щызэхэтащ, щэнхабзэ, щІэныгъэ, творчествэ гъэлъэгъуэныгъэхэр кІуэкІащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Къэзан Сэтэней кином щич ягъэ лъэбакъуэхэр

● Щэнхабзэ

ЕРЫШУ зи мурадым хущІэкъу щыхурщ екъулІэныгъэ щыгур зыІэрызыгъэхьэфыр. Абы и лъэныкъуэкІэ щапхъэу якъпхъ хьунущ урысей шоу-бизнесым лъэ быдэкІэ хэуа ди зэкъуэгъу Къэзан Сэтэней. Пщащэ нэмурытыр, жыдэжьыр куэдым ягу зэрыдыхьэм и щыхьэтщ нэтынхэр иригъэкІуэкІыну телевиденэм зэрырагъэблагъэр. Апхуэдэу зэрызыкъыхагъэзэар гуапэ щыхуаим, а лэжьыгъэр игу ирихьми, абы зэман куэд зэрытекІуэдэнум кьыхэкІыну зэкІэ абы арэзы техьуакъым. Сэтэней иджыпстукІэ ягъэ иригъэщІыр уэрэд жьІэныщ, зыхэт «Фабрика» гупым ящыгъэуу утыкум итныныщ.

Ди хэкуэгъэ пщащэм и иужьрей екъулІэныгъэхэм ящыщу кино гъуэзджэм щІэупхъэ ІэбакъуэхэР. Американ продюсерхэм трах «Пророк: миссия пятого ангела» фильмым уэрэд жьІэн щІэзыщэ хьыджэбзым и роль Сэтэней кьыхуагъэлъэгъуащ. Кином роль нэхьыщхьэр щегъэщІэ Робертс Эрик, апхуэдэу абы щоджэгу Голливуд и «ВагьуэхэУ» Мэдсен Майкл («Убить Билла»), Болдуин зэкъуэшхуэ Алек, Стивен, Уильям, Дэниел сымэ, урысей артист цІэрыІуэхэу Башаров Маратрэ Чадов Алексейрэ.

Сэтэней зэрыжьІэмкІэ, Робертс Эрикщ роль абы кьратыну режиссерым чэнджэщ езытар. Теленэтын іуэрым ирагъэбгъуауэ, Сэтэней кьыхигъэзар гуапэ щыхуаим, а лэжьыгъэр игу ирихьми, абы зэман куэд зэрытекІуэдэнум кьыхэкІыну зэкІэ абы арэзы техьуакъым. Сэтэней иджыпстукІэ ягъэ иригъэщІыр уэрэд жьІэныщ, зыхэт «Фабрика» гупым ящыгъэуу утыкум итныныщ.

Мы зэманым фильмым теухуа зэпсэльныгъэхэр Москва щокІужькІ. Иджыпсту Сэтэней суратыщІ-модельер Руту Ро Drugs («Афиняным дрибишь») фІэщыгъэщІэр зиІэ и иужьрей ІэдакъэщІэкІэхэр игъэльапэуну иригъэблагъащ. Модельерым зэрыжиІэмкІэ, модэмтет, иджырей зэманым хэзагъэ, гъашІэ ябынШэ езыгъэкІуэжі пщащэщ Къэзан Сэтэней.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

Сымаджэщыр ирагъэфІакІуэ

● Уэхуэныгъэ

Аруан куейм и къалащхьэ Нарткъалэ еужьэрэкІыу хуагъэхьэзыр Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыхьхьэрэ илъэс 450-рэ щрикъум.

МЫ ЗЭМАНЫМ щІэгъэхуэбжьауэ зэлэжьхэм ящыщщ район сымаджэщым хирургиемкІэ и къудамэщІэр. ЦІыхуи 150-м зэуэ щеІэзэфыну къудамэр иджырей зыхуей-зыхуэфІэхэмкІэ къызэгъэпэщауэ щытыну, операцэ щащІ пэщу 7 хэтыныр.

Адрей район сымаджэщхэм уэзыщримыхьэлІэ щІэ куэд зэрИэнум къыхэкІыу, республикэпсо мыхьэнэ иІэнущ. Сымаджэщым кърашалІэ зыхуеину Іэмэпсымэхэр.

ЛЪОСТЭН Муэ.

Ягу зэрытемыхуэр къагъэлъагъуэ

Дыгъуасэ Таллин щекІуэкІащ Эстониер хуит къызыщІыжа совет зауэлІхэм къащІэнахэр здагъэзэпхъуэ щыпІэм щІэрыщІэу щыщІэлъхьэжьым ехьэлІа Іуэхухэр.

Абы щыІэжьым Хэку зауэшхуэм хэтахэмрэ мы къэралым щылажьэ урысей дипломатхэмрэ. Эстон властхэм къэралым и щхьэхуитщІыжакІуэхэм кІэлъыплъэрахьа хьакІэхэхъуэжакІэр ягу зэрытемыхуэр абыкІэ къагъэлъагъуэ.

Гватемалэм псори кІэлъоплъ

Дыгъуасэ США-м икри Гватемалэм кІуащ УФ-м и Президент Путин Владимир.

Наіуэу зэрыщыщыр, мыбы Дунейпсо олимп комитетым щрихъэкІуэжкІыну 119-нэ сессием 2014 гъэм зэхьхьэну ЩІымахуэ Олимп Зэхьхьэхуэхэр зэдэщІэну къалэм и цІэр къриІэнуращ. Апхуэдэ хуитныгъэм щІобэн Сочи (Урысей), Зальцбург (Австрие), Пхэнчан (Корее Ипщэ) къалэхэр.

Езыхэм я лъахэхэр даІыгъыну Гватемалэм апхуэдэу кІуащ Австриием и федерацІэ канцлерым рэ Корее Ипщэм и президентымрэ. Іэлэтым къриІуахэр белджылы щыхъуэр бадзэуэгъуэм и 4-мрэ 5-мрэ я жэщыщ.

Зым и фІэфІныгъэм псори щІытетын щыІэкъым

УФ-м и ягъэ вице-премьер Медведев Дмитрий Москва къащІыщІэсалъэм къыщІэтащ дунейпсо политикэм пыщІа Іуэху зыбжанэ.

Абы ягу кІигъэкІыжащ Гаагэ щекІуэкІа конференцым щаубзыхуэ хабзэхэр. Иджы ахэр хуэтэн ящІу, къэралхэм я хуитныгъэхэм ебакъуэу хуежьащ. Зым езыр зытет хабзэхэм нэгъуэщІхэр тригъэувэну хущІокъу. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм дунейпсо зыужьныгъэр илъэсищэкІэ ирегъэкІуэтыж. Ар ди зэманым ауэ жьыкъуи къемызэгъыну.

ЛЪЭПКЪ ЩІУЩІ.

Гуфіэгъуэ ин дыдэ

Белоруссием щагъэлъэпІащ къэралым и лъэпкъ гуфІэгъуэр - Республикэм и махуэр.

Ар президент Лукашенкэ Александр и унафэкІэ 1996 гъэм ягъэуващ Белоруссиер нэмыщІ фашист зэрыхьыжакІуэхэм кьызэрыщІагъэкІыжам и щІыхьэкІэ (1944).

Лукашенкэ Александр зыхэта дзэ елІэныныгъэ ин Минск щекІуэкІащ. Иужькъэ къалащхьэм и кум махуэшхуэм егъэщІыпІэ концертхэр щатащ.

(ИТАР-ТАСС).

НОБЭ

◆ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я лъэпкъ гуфІэгъуэщ - къэралыр хамэ упафэ къыщыщІэкІа мазухэщ (1776).

◆1916 гъэм Урысейм и тенджыз къхъухьлъатэзэхуэхэм ящэ теІуэныгъэ къыщахьащ Балтие тенджызым. **Дзэ-Тенджыз флотым и авиацэм и махуэщ.**

◆ 1848 гъэм къытрадзащ Маркс Карлрэ Энгельс Фридихрэ я «Коммунист партым и Манифестыр».

◆Бадзэуэгъуэм и 4 - 6-хэм Квинслендэ (Австралие) щекІуэкІынущ Азие-Хы Хуэм экономикэ зэдзэлажьэныгъэм (АТЭС) хэт къэралхэм статмкІэ я министрхэм я зэІущІэ.

◆ Бадзэуэгъуэм и 4 - 6-хэм Истамбул (Тырку) щекІуэкІынущ сату палатэхэм я дунейпсо конгрессыр.

◆ Бадзэуэгъуэм и 4 - 5-хэм Лондон щекІуэкІынущ «Финансхэмрэ щэнхабзэмрэ-2007» дунейпсо конференцыр.

◆ИлъэС 70 и пэкІэ (1937) къалъхуащ Норвегием и пащтыхь гуащэ Соня (Харальдсен Соня), пащтыхь Харальд Етхуанэм и щхьэгъусэр.

◆ ИлъэС 200 и пэкІэ къэхъуащ Италием и цІыхубэ лІыхъужь, генерал, Рисорджименто пІэлъэпщхьэхуитщІыжакІуэ зэщІэхъеенныгъэм и революцэ-демократие къудамэм и Іэтащхьэхэм ящыщ Гарибальди Джузеппэ (1797 - 1882).

◆ ИлъэС 80 и пэкІэ къалъхуащ итальян киноактрисэ цІэрыІуэ Лоллобриджида Джина (1927 гъэ).

◆ Дыгъэр къыщІэкІащ сыхьэ ти 5-рэ дакъикъэ 29-м, къухьэжынущ сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 54-м.

◆Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакъикъэ 25-рэ.

Ибрагим ыкъуэхьэмэдрэ.
ШАЛ Мухьэмэд.

КъыдэкІуэ щыІэкІэ

Хъумыса хьэпхьэІэркъым.

Нэдэлык №5 (29)
Ди къалащхьэмрэ къалэдэсхэмрэ ятеухуа напэкIуцI

● Ди псэлъэгъуахэр

Жэуап щытхъым деж

Хуабэ зэрыхъуу, псыр яхуримыкъуу цIыху куэд егъэтхьэусыхэ. Аращ Налшык «Къалэпсыканалым» и дежкIэ а лъэхъэнэр нэхъ гугъуу щыщытыр. Я дзэжьыгъэ къызэгъэпэщыкIэмрэ абы хэль лъэпощхьэпхэмрэ геузыгъэу денсэхъыщ а Iужущапlэм и унафэщым и къуэдзэ Къуэдзокъуэ Аслъэн.

- Аслъэн, гъэмахуэ мазэхэм къалэдэс куэд гугъу ирегъэхь псыр къаззэремэщIэкIым. Псом хуэмыдэу абыкIэ мыарэзыхэр Хьэсэнэй жылэм дэсэрэ. Сыт ахъэфащIафыпу 2007 гъэм абыхъэм хуиту псы ягъуэтын папщIэ?

- Псы зэрыкIуэ бжьамийхэр Хьэсэнэй жылэм зэрыщызэбграшрэ илъэс 50-м нэсащ. А зэманым абы дэсыр куэдкIэ нэхъ мащIэт икIи псыр псоми пэрыхьэтэу ягъуэту щытащ. Зэманыр кIуэху, къуажэм зиужьащ, абы щыпсэуэхэм я бжьыгъэр хэхъуэу хуежьащ. Языныкъуэхэм я унэхэр къатIэхэм трашIыхьащ, абы къырикIуэнум емыгупсысу. Апхуэдэу метр 900-кIэ псыр зыдэшеин хуей щыпIэхэр къэунэхуащ. Абы папщIэ сыт хуэдэ насос къэбгъэсэбэпын хуейр?!

Хьэсэнейдэхэм псыр яхурикъун папщIэ, лэжьыгъэшхэр егъэкIуэкIын хуейщ. Лэжьыгъэми зыгуэр етщIэнт, ауэ абы текIуэдэну ахьишхэм ящыдтихьнур дэнэ?.Дэ апхуэдэ мыпкъ дбгъэдэтхъым. Ди республикэм и унафэщIэхэм мызэ-мытIуэ апхуэдэ пэлъэкIэ захуэдгъэзащ, ауэ зэкIэ абын зыри къэкIакъым. Иджыблагъэ Iуэхуэр зыIутыр щыIэзэпкърыха тхылъ прокуратурэм щIэтлъхащ, Iуэнаншагъэ ябгъэдэтыщ жылэдэсхэм ящыщ куэдми. Псыр апхуэдэу зэпэубыдауэ щыт пэмиз, абыхъэм яхэтщ ар жэщкIахуэ я хадэхэм щIэзыгъэпэдзэу зэрубыдхэр, ауэ щыхъуэкIи адрейхэм зэфэнчкъудей яэрымыхьэу. Дауэ хъуми, Iуэхум хэкIыпIэ гуэр кьыхуэдмыгъэуту хъунукъым. Мыльку гуэр кьыщыгIэрыхьэм дэж, ди къарукIэ Iуэхуэхэр зэфIыдогъэкI. Кьапщтэмэ, куэд щIакъым Люксембург Роэз и цIэр зезыхьэ зэрамым тет унэхэу 27 - 63-хэм, Париж коммунэм и цIэр зезыхьэм щыIэ псэупIэ унэхэу 144 - 150-хэм ди мыпкъуиIэ псы зэрахущIэтыпэр. А унэхэм щыпсэухэм я пэшхэм эзи псы кьигъэжьпIэхэр щIэтакъым, щIыбым кърахьу фIэкIа. А лэжьыгъэхэм сом мин 342-м нэблагъэ тригъэкIуэдащ ди Iуэхущапlэм. Хьэсэней жылэ псёр псыуэ зыхуэём хуэдизкIэ кьыхэбгъэпэщыным ахъшэшхуэ текIуэдэнущ, дауи. Аращи, турахулъэгъуэщ республикэм и унафэщIэхэр кьыддэмыIэпыкъуэ, а Iуэхум ди закъуэ дыдзэрыпэмыгъэщынур.

- Псыр кьэзыгъэсэбэп куэдым абы пщIэ щIатыркъым, льготэ гуэрхэр зиIэхэри мащIэкъым. Ауэ, апхуэдэу щыт пэмиз, кьыфпэщыIэ Iуэ хуэхэр фымыгъэзащIэу зыкъыфхуадэнукъым. Дауэ зэхуэвгъэкIуэфрэ а псори?

- Ахъшэ зыгъыну хуэмеихэм ткIийуэ дадоIалкъэри, абы зыгуэр кьикIыну кьыщIэкIынщ. Iуэхум и кьыззгъэпэщыкIэм утепсэтхьыхьмэ, дзэжьныр ди куэдщ. Ди «Къалэпсыканалым» псы игъэхъуапIэу 12, кьыщIэшыпIэу 131-рэ, псыхьэмапIэу 9, псы зыхуэхьэсыпIэу 38-рэ иIэщ. Псы зэрыкIуэ бжьамийхэм я кIыхьагъыр километр 603,3-рэ мэхъу. Къалэм кьедза гъунэгъу жылэхэм дэт бжьамийхэм километр 338,6-рэ я кIыхьагъщ. Псыр зыгъэкьабзэ Iэнатlэ лъэщи щыIэщ. Зы жэщ-махуэм хуэзэу абы егъэкьабзэ псы кубометр мини 150-рэ. Зи гугъу сщIа псорм мыувыIэу гъэпэжьхэн хуейщ, набдзэгубдзапIъэу уакIэлъыплъ зэпыту. Псым и кьабзагъымкIи жэуап зыхьыр дэращ. Араща жэщ-махуэ димыIэу дымылажьэу хъуркъым. Псом нэхъыпэ нэхъ гугъу дрегъэжь жьы хуэхуэ бжьамийхэр зэрыдзэпыудым. Абыхъэм я зэгъэпэщыжьыным зэман куэдри мыпкъуштхуи токIуадэ. Апхуэдэу щыт пэтми, ди Iэнатlэр зэредгъэфIэкIуэным дыпытIущ. Илъэс куэд хуауэ я кьагъэсэбэп Iэмэпсымэхэр псори зэуэ пхуэзэхъуэкIынукъым, Iуэхум хэдгъэщIурэ докIуэкI. ЗэфIэкIыу ДиIэр щIыхухэм псыр тэмэму яIэрыхьэныи идохьэпIэ.

- Иджыпсту гъэмахуэ щхьэкIэ, уэзэплъэкIыу укъыдзэплъэкIыжьыху, щIымахуэри къэсынущ. Дауэ зыхуэзбгъэхьэзыррэ а лъжъхэнэм?

- ЩIымахуэм зыхуэзгъэкьэзырыным пасэу щIыдодзэ. Дэ зэхэгъэкъащ 2007 - 2008 гъэхэм я бжьыхьэ-щIымахуэ зэманыр тэмэму ельэкIа хъун папщIэ дзажьыпхъэхэм я план. Ар дубзыхуам кьыщIымыIэу, кьалэн зыхуэгъщыжьа Iуэхугъуэхэр зэфIэхьыным занщIэу яужь дихьащ. Псалъэм папщIэ, Щхьэлыкъуэ щыIэ кьыщIэшыпIэм псыр тэмэму зэбгъэзыгъэкI Iэмэпсымэ тедгъэвращ, псы игъэхъуапIэхэу Iсюж, Дубки, кьалэм и нэгъуэщI хьэблэхэм дзэхэр зетхьащ, пычым елэжь цехэм я Iэмэпсымэ 20-м нэс зэдгъэпэщыжащ, щIэкIэ тхъуэжан яхэту. Псы зрикIуэ, ар зыгъэжьабзэ бжьамий куэд зыхуей хуэдгъэзэжащ. Апхуэдэу псы кьызыпхьж унащхьэ куэд дгъэбыдащ, насос станцым и унэри зэпэщ тщIыжащ.

А псори кьыштпэщынъ Iуэхуэхэм я зы Iыхьэу араща. Мы илъэсым кьэрыубыдэу иджыри куэд зэфIэтхэн хуейщ икIи тпъэкI кьэдгъэзэнэкъым ди кьалэнхэм тэмэму дехьуIэн папщIэ.

ХЬЭГУАРЭ Лацэ.

Дэнэжи хуэдэу, ди республикэм и щIыпIэ псоми щIэгъэхуэбжьауэ щызэфIах «Уэзыншагъэ» лъэпкъ проектым къыщыгъэлъэгъуа Iуэхуэхэр. Сымаджэщхэм, поликлиникэхэм, амбулаторэхэм ящыщ куэдым къаIэрыхьащ иджырей зэманым дежкIэ апаратуэхэр, медицинэ лэжьакIуэхэм я упражнэ хагъэхъуащ. Дауи, иджыри зыхуэнэмыса Iуэхугъуэ куэд кьэнащ. Абыхэм нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ зехуэсщIыну Налшык дэт поликлиникэ №7-м и дохутыр нэхъыщхьэ Шэшэн Анатолэ зыхуэзгъэзащ.

● Лъэпкъ проект

Щэгъэкъуэн къытхуохъу

- ПОЛИКЛИНИКЭР зэраухуэрэ илъэс пщыкIух хъууэ аращ. Абы лъандэрэ зэман куэд дэкIакъым, арщхьэкIэ зэгъэпэщыжьын хуей гуэрхэр иIэщ, - жеIэ Шэшэн. - Цыхур хущхъуэм и закъуэкъым зыгъэхъужыр, атIэ къэзыухуреиху дуней дахэри, дохутырыр къыззэрепсалъэ бзэ IэфIри абы и узыншагъэр зэтеувэжыныныкIи сэбэп мэхъу.

Абыхэм мыхьэнэшхуэ еэыт дохутырыр хущIокъу поликлиникэм и пэш кIэуцIхэр зэрагъэдахэныым, еэым я къарукIэ зыхуей хуагъэзэным. Апхуэдэу Шэшэнэм гулъытэшхуэ хуещI сымаджэхэм гуапэу яхущытыным. Ауэ поликлиникэм и Iуэхур кьызыхуэтынщэу жылIэмэ щыIэнущ. Апхуэдэщ абы и бльыджабэхэр кьызэрыкIэрыудар, и уна лъэгу кьиудахэми сымаджхэм гукъыдж кьариту пхужьIэнукъым. Профилактикэ кIэлъыплъныныгъэм хуэхэха аппаратурэ тэмэми яIэкъым. Зыгуэркъэр щыIэщ, ауэ аэр «УхуакIуэ» санаторэр щызэхуащIыжам къратауэ щытащи, жьы дыдэ хъуащ, нобэрей зэманми къезэгъыжыкIрклым. Куэдрэ къагъэсэбэп аппаратхэр щIэх-щIэхыурэ мэкъутэ, ауэ щыхъуэкIэ абы кIэлъыплъыф, ахэр зэзыгъэпэщыжыф Iэщ Iагъэлl поликлиникэм иIэкъыми, еэы дохутыр нэхъыщIхьэм абыхэм я Iуэху зэримыхуэу хъуркъым.

- УФ-м и Президент Путин Владимир кьыхилъхьауэ щытта «Уэзыншагъэ» проектым и Iуэжьыфl куэд ди поликлиникэми къэсащ. Кьытlэрыхьащ хуабжьу дызыхуэныкъуэ медицинэ Iэмэпсымэ куэд. АпхуэдэкIэ, ди Iэнатlэм гъуджэкIэ сурэт зэрыртрах цифровой аппаратурэр. Абы и фIыгъэкIэ цIыхухэр зэрыхуэпам хуэдэуи я тхьымбылым еплъыфынущ, обслуженэу ягъэтъыпуни мащIэ дадащ, - ЗфIы куэд къахуэзыхьа проектым топсэлъыхь дохутыр нэхъыщхьэр. - Апхуэдэу Iэпхъпхъэпкъым Iуп Iу сурэт тезыхь ультразвуковой диагностикэ аппарат, электрокардиограф лъэщхэр кьыстlэрыхьащ. Мы гъэми диагностикэ медицинэ аппарат зэхуэмыдэу 7 хуэдиз кьэстlэрыхьэну догуугъ. Ауэ ахэр дэтхэна зы дыдэ хъурымри хуэгъэлъэкьынукъым, абыхэм цIыху щхьэхуэ хуегъэджэн хуейщ. Абы кьыхэнэхъыбэ хъунущи. НтIэ, дохутырым и дежкIэ и сымаджэр дахэ-дахэу имыгъэхъужу нэхъыбэрэ кьиутlакIуэмэ, нэхъ фейдэкъэ? Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм ныкъусныгъэ куэд хелъагъуу унафэщI гумызагъэм. Ауэ абы и фIэщ хъуркIыу поликлиникэм щылажьэ дохутырхэм ящыщу тIу иджыпсту Москва дгъэкIуауэ апхуэдэ Iэнатlэхэм худотыдэжь.

Поликлиникэм и лэжьыгъэр кьызэзыгъэпэщ, абы и Iэщ Iагъэлl Iэхэм я къаIэныр зэрагъэзащIэу зи нэIэм щIэмыкI унафэщIыр нэгъуэщI куэдми кIэлъыплъныт хуей махьу. Абы ткIийуэ къепщытэ я лэжьыгъэр зэлъыта дэтхэнэ зы Iуэхугъуэри.

- Псоми зэрытщIащи, язныыкъуэ аптекэхэм щащ хущхъуэ нэпщI куэд. Апхуэдэхэр зэпхьэлIэну шынагъуэщи, кIэлъыплъныгъэшхуэ хуейщ, - цещэ Шэшэнэм. - УФ-м Узыншагъэр хъуэмэмкIэ и министерствэм и унафэм ипкъ иткIэ, ныкъуэдыкъуагъэ зыбгъэдалъу льготэ зиIэ сымаджэхэр хуитщ хущхъуэм и пIэкIэ ахъшэ сом 450-рэ къыIахьыну. Ныкъуэдыкъуагъэм и ешанэ, етIуанэ, еепIанэ гупхэм хиубыдэ псоми я лэжькIэ зэхуэдэщ ар. Ар хъарзынэщ, ауэ мы Iуэхум нэгъуэщI кIэуцI. Ещанэ гупым хыхьэхэм хущхъуэ лъапIэ хуэмеикуэд яхэтщ, ауэ ешанэ гупым щыщ сымаджхэр нэхъ хьэлъащ, хущхъуэ лъапIэ куэд хуэныкъуэщи, ар сом 450-м хъахущIэкIынукъым. АтIэ, апхуэдэу щыщыткIэ, псоми ахъшэр зэхуэдэу яхуэгъуэшыныр тэмэму пIэрэ?

Дохутырхэм я улахуэ тыкIэми зэхуэмыкIуэ куэд хэлъу къелъытэ Шэшэным. Ари тэмэму къытхуэзэпкърихащ абы. Поликлиникэм къекIуалIэ зы сымаджэм зэреIэзэм папщIэ сом 72-рэ абы щылажьхэм къэралым кьарет. А сом 72-м хохьэ ар къыздэкIуа дохутырми и медсестрами дохутыр нэхъыщхьэм, рентген къратъпIэну щытмэ, рентгенологым, абы и дэIэпыкъуэгъу медсестрам, зыбгъэдахьэ псоми я улахуэр. Апхуэдэу щыщыткIэ, поликлиникэм и фейдэщ сымаджэ нэхъыбэ къакIуэмэ, сыту жыпIэмэ щылажьэхэм я улахуэр къым ахъшэ нэхъыбэ къызрагъэтын папщIэ, я сымаджэхэм дахэ-дахэу якIуэнтlаужьу нэхъыбэрэ кьиутlакIуэмэ, нэхъ фейдэкъэ? Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм ныкъусныгъэ куэд хелъагъуу унафэщI гумызагъэм. Ауэ абы и фIэщ хъуркIыу поликлиникэм щылажьэ дохутырхэм я сымаджэхэм дахэ-дахэу якIуэнтlаужьуэвар. Иджы псори терапевт хъуну хуейщ. Хирургыу, урологыу, гинекологыу, кардиологыу сымаджэщхэм щылажьэ хуей куэд студентхэм яхэбгъуэтэжкъым - абыхэм къалажь щыIэкъым, я улахуэр сом мини 3-щ зэрыхъур. Ауэ щыхъукIэ, дохутыр псори зэлэжьыр зыщ - цIыхум и узынгъэнрыжъ.

- Iэщ Iагъэлl ныбжьыщIэхэр абыхэм къахуэныкъуэ щыпIэхэм Iэмал имыIэу щыгъэлэжьэн хуейуэ къызоIуатэ. Яныж зэрыщытар дощIэж: еджапIэр къиуха яэужь, дохутыр ныбжьыщIэр илъэс зыбжанэкIэ къаралым здигъакIуэ Iэнатlэм, щыпIэм щылажьэрти, къали къуажи дохутырыныщ хъуртэкъым. Иджы псори къалащхьэм къыдэнэну хуейщ. Къуажэдэсхэр-щэ? Ахэри хуэныкъуэщ квалификацIэ лъагэ зиIэ дохутырыдIхэм, - къыгегъащ Шэшэным. - Дохутырыр псом япэ хэкупсэу щытын хуейщ, итIанэщ абы и къалэныр тэмэму, зыхэгъэзэж имыIэу, кърат ахъшэм темыщIыхьауэ щитъэзэщIэнур. А Iэщ Iагъэр къыхэзыхъэм ар хъэкъыу япхыкIауэ щытын хуейщ.

- Ди Iуэхущапlэр иджыри кудым хуэныкъуэщ, ауэ къэралым узыншагъэр хъумэным гулъытэ хуищIу щыщIидзакIэ, апхуэдэ аппаратурэ лъагъэпIэхэр къыщыдиткIэ, гъащIэми зиужьынущ, аращи, дяпэкIи фIым дыщыгугъыщ, - гушхуэнатlэ хэлъу жиIащ Шэшэн Анатолэ кабинетым щыкъыщIишыжьым.

БЭЛЭТОКЪУЭ Светэ.

Сабий творчествэмкIэ республикэ центрыр Налшык и уху-ныгъэ нэхъ дахэхэм ящыщ.

Хэт унафэр къэзыщтэр?

Уху ныгъэмрэ архитектурэмкIэ Налшык къалэ Iуэхущапlэм мы зэманым лэжьыгъэшхуэ щызэфIах. Хуабэ зэрыхъужрэ, къалэдэс куэд яужь ихьащ я псэуалъэхэр ирагъэфIэкIуэну, уняшIэхэр ящухуну. Налшык щекIуэкI апхуэдэ лэжьыгъэхэр зыгъэтэмэмыр зи гугъу тщIа Iуэхущапlэм щхьэ закъуэ уху ныгъэмрэ уней пIапсэхэмкIэ и къуэдзэращ. Абы и унафэщI Гугъуэтыж Аслъэн щыгъуазэ дыхуещI я къалэнхэмрэ мурад нэхъыщхьэхэмрэ.

- ДИ ЛЭЖЬЫГЪЭР нэхъыбэу зыхуэзэпсауэ щытыр Налшыкрэ абы хиубыдэ жылагъуэхэмрэ яIэ теплъэхэр нэхъ дахэу, дызэрыт лъэхъэнэм екIуу щытыныр щ. Абы хохьэ уэрамхэм я захуагъэр, унэхэр сатыр хэхам тету, къызкIуэтэ щымыIэу щытынщ, псэуалъэхэр, Iмал зэрилэкIэ, нэхъ зэпэжьжьэу уху-ныр, къалэ кIуэцIым къыщхьэхьэ дзэтхэнэ щхьэ закъуэ уху-ныгъэри къэралым щызекIуэ хабзэхэмрэ хуитыныгъэхэмрэ кьигъэтIэсэныр, нэгъуэщIэхэри.

ПсэуалъэщIэ зыхуэзыну е и къыгуащIыхьыну мурад зыщIа къалэдэсхэр псом япэ кьызэкIуалIэр ди Iуэхущапlэращ. Ди Iэщ Iагъэлl хоплъэ абыхэм къахь тхылъхэм, уху ныгъэгъащIэхэм я проектхэр хуащI, ахэр хабзэм къезэгъыу къаIытэмэ. ЩхьэусыпIуэ зэхуэмыдэхэмкIэ апхуэдэ хуитыныгъэ зэдмыт-хэри щыIэщ. Псалъэм папщIэ, уху ныгъэ щекIуэкIыну щыпIэр нэхъапэм пъэнкIий идзыпIэу щытамэ, псы кIуапIэу къаIытэмэ е псэуалъэр а уэрамым тращIыхьа Iуэхущапlэхэм ябгъуфы-щIыхьыныр къемызэгъщ. Апхуэдэу хуит ящIкъым зи гъэнгъуэм зэран хуэхуэнухэми.

Зи гугъу сщIы Iуэхуэхэм ехьэлIа тхылъ псоми набдзэгубдзапIъэу хэпIпъэ комиссэ щхьэхуэ щыIащ. Абы хохьэ Налшык и Iуэхущапlэ зэмылIэужьыгъуэхэм - мафIэсгъэныкIыфIым, санэпидемстанцым, ЖКХ-м, псэупIэ инспекцэм, экологием, нэгъуэщIхэми - я Iэщ Iагъэлl хэхэр. Ахэращ дэтхэнэ щхьэ закъуэ ухуэныгъэми теухуа унафэ къэзыщтэр.

Ди къудамэр ядолажьэ гъуей тыкуэн, цех, шхапlэ, щхьэщIэщапlэ, апхуэдэ нэгъуэщI Iуэхущапlэхэр кьалэ кIуэцIым кьыщыIэзыхьыну мурад зыщIахэми. Абыхэм я лъэIу тхылъхэр комиссэм кьепщытэ икIи, хабзэхэм кьезэгъмэ, хуит ящI.

Ди республикэм и кьалащхьэм иужьрей зэманым дащIыхь псэуалъэ дахэхэм, шэч хэмылъу, абы и теплъэр ирагъэфIакIуэ.

Зытхыжар **УЭРЭЗЕЙ Рашидщ.**

● Гъуазджэ

Пэжымрэ пцIымрэ

Лермонтов Михаил «Ди эманым и лIыхъужь» и тхыгъэ и лъабжьу траха «Печорин» фильмыр телевизорымкIэ кьыз-рагъэлъагъэурэ куэд щIакъым. Тхыгъэми фильмми мызэ-мытIуэ зыщыдзыгъуэза сэ мы лжьыгъэм куэдым сригъэгупсысащ. Ар ехьэлIащ иджырей щIалэгъуалэм ящыщ гуэрхэм я дуней тетыкIэмэ, эманым щыхуэр зэрихьэжми, зи зыхымыхъужу кьыдедгъэкIэ лъапIэныгъэхэми, езы фильмыр теха зэрыхъуами.

● ДифI догъэлъапIэ

Хэльэт зиIэ Къардэн Хьэсэн

Къэрмокъуэ Мухьэмэд.

Хьэсэн жылагъуэ куэд кьызэхикIухьащ, ди республикэм и щIыналъэхэм кьыщымынэу, ди къуэшхэ ящыщ.

Адыгэ щэнхабзэм и зыужьынныгъэм и гуащIэшхуэ хилъхьащ Къардэн Хьэсэн. Илъэс зыбжанэ и пэкIэ Хьэсэн пенсэ кIуэри зигъэпсэжу ятIысыжащ, арщхьэкIэ нэгу зэдмыкIыу радиоми и унафэщIхэм я лъэIукIэ, фIыуэ ильагъу и лэжьыгъэм ар пэрыувжащ. Иджыпсту Къардэнир Къэбэрдей-Балькъэр радиоми и архивым и редакторщ. Илъэс 50-м щIигъуэу я лъэпкъ гъуэзджэм хуэлажьэ Iэщ Iагъэлl IэкIуэльакIуэм дохуэхуэку иджыри куэдрэ узынщэу дяпэ итыну.

АБЕЙ Нэфсэт.

Жэрумэкъуэ и мэз дьапэм деж жылагъуэм дэс псори щызэгъэсами ярейт. Налшык къикIыну гуэрэ джыIакIуэ, къэфакIуэ артистхэм тепЫэншэу ежьэрт щыхуэхэр. Балигъи сабии щыкъуэт щыпIэм. Цыхуэхэр псы ежьэхьи и Iуфэм щыщIэпIэт, къэкIуэнэ къэзыгъэзэрт - мыйуэхущэу. Абыхэм яжьмыту, зи нэр гъэпм тедия балигъэм яхэсу щыщIэ щIалэр цыкIут. Ар ди тхыгъэр зыгъэуж а Къардэн Хьэсэн Билал и къуэрат. Абы щыгъэ абы и ныбжьыр илъэси 10-м нэсат. Хьэсэн и нэ хуабжьу къыхуикIырт артистхэм. Зыгуэр кьыгурыIуэ зэрыхьурэ ар екIуэлъагъэм. Псом хуэмыдэу щIалэ цыкIур макъамэ дахэхэм дахьэхырт. ФIэфIт уэрэд жиIэну.

● Гъуазджэ

ЖЭРУМЭКЪУЭ жыIэр Джэрмэншык гуагъэхьэжри абы щыпсэу цыкIухэр зэкъуэщIэ яхэхъуэкъуэ щIэзыгъэкIуэ. Кино кьрашэкIыр зэрэмыIэ зэрыжэхэм кьахуэкIуэрт. Кьуажэдэсхэм я дежкIэ ар гуфIэгъуэшхуэт, Хьэсэни зы фильм блимыгъэкIыу епIыкIуэ.

Езыр жыIэжэру художественнэ самодеятельностым эт т, уэрэд жиIэрт. А зэманым апхуэдэ артист гупхэм кьэралым щыпсэншхуэ зэритыкIрт, щIэх-щIэжьыгъэ зэхэзыхьэ ирагъэкIуэкIырт. 1957 гъэм республикэм зыхуигъэхьэзырт Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикIу махуэшхуэми, радиом и хорым зэрыгъэбгъуну мурад ящIащ икIи цIыхухэм хьыбар ирагъэщIащ уэрэд жьызыIэ ныбжьыщIэхэм я зэхьэзэхуэ зэрыщIыпэнур. Ар щызыхихьым, Хьэсэн кьалащхьэм кьэкIуащ. Радиом и хорым кьыхьэну хуейхэр куэдыкIейт, ауэ зэхьэзэхуэ хэм тхыкIыфар цIыхуиплIщ. Абыхэм яхэхуащ Кьардэн Хьэсэни.

Хорым хагъэхьэну кьыхахахэм ящыщу музыкэ щIэныгъэзыми яIэтэкъым, нотэрэ ящIэртэкъым. НыбжьыщIэхэм апхуэдэ щIэныгъэ яриту абы щыгъуэ фIы дыдэу ядолажьащ хорым и художественнэ унафэщI Орлов Арстархрэ хорым щылэжьэнымкIэ япэу Iэщ Iагъэ зэзыгъэгъуэта адыгэ бзыльхъугъэ Бланауэ Быцэрэ. Иджыри кьыздэсым Хьэсэн гуапэу игу кьегъэкIыж и егъэджакIуэхэр. Ахэращ ар гъуазджэм и гъуэгуанэ хьэлэмэтым тезыщауэ щытар.

Махуэшхуэр республикэм щагъэльапIэ нэужь, Къэбэрдей-Балькъэрым и творческэ гупхэр Москва ирагъэблагъэуэ щытащ, гуфIэгъуэ махуэж эм абы кьыпащэну. Союзхэм я Унэм и Колоннэ залым щекIуэкIа концертышхуэм хэтащ Хьэсэни. Москвадэсхэм хуабжьу ягу ирихьат ди артистхэм ягъэльэгъуауэ я щыта «Партизан» оперэр. Абыхэм ягъэщIагъэрт бгырыс республикэ цIыкIум и артистхэм Iэзагъ ин яхэлъу апхуэдэ лэжьыгъэшхуэр зэрызэфIахьыфар.

Къэбэрдей-Балькъэр радиор а зэманым здащIыпэ Первомайскэ зэрамыр. Абы и лэжьакIуэхэр хущIэкъурт нэтыныфIхэр зэрагъэхьэзырыным. Я пэшхэр цIыкIуми, техникэр, Iэмэпсымэхэр яхуэмыкъуми, ахэр я Iэщ Iагъэм дихьэхауэ я Iэнатlэм пэрытт, тхьэусых э кьаxэмыкIыу. Фрыуэ и ильэгъуа Iэщ Iагъэм ирилажьэ Хьэсэни и мурадым лъэIэсат - ар уэрэджьыкIыу Iэхуат ЕхьулIэныгъэ иIэу лажьэмэ, музыкэмкIэ бгъэдэлъ щIэныгъэмкIэ арэзыгъэхьым щIалэр. Абы кьыхэкIыу ар щIэтIыс хьащ Налшык дэт музыкэ училищэм и хоровой кьудамэм. Еджэныр фIы дыдэу кьиуха нэужь, Кьардэныр и лэжьыгъэм пэроувэж, иджы радиом и хорым и унафэщIу .

Кьэрмокъуэ Мухьэмэд.

Хьэсэн жылагъуэ куэд кьызэхикIухьащ, ди республикэм и щIыналъэхэм кьыщымынэу, ди къуэшхэ эми я дежи щыIэжьащ ар зи унафэщI гуп-тыр. Кассетэхэм тритхэрэ адыгэ уэрэдыжьхэр, макъамэхэр абыхэм зя яужьыр, езыми апхуэдэ дыдэу ди лъэпкъ-гъуэм я Iуэрыуэтэр кьиIэрт. Кьардэныр зи пашэ гупым ялъэкI кьагъэнакъым ди лъэпкъым и макъамэ Iуэрыуэтэр зэхуэхьэсыжьыныкIэ. Абы щыгъуэ Iуэрыуэтэр кьрихьэжьат - лъэпкъ уэрэдыжьхэр, макъамэхэр зэхуэхьэсыжауэ абыхэм я фонд кьызэрагъэпэщыну . Апхуэдэ лэжьыгъэр зэфIэзыхьыфынур хэлъэт зиIэ, хэкупсэу щыт цIыхут, сыту жыпIэмэ кьуажэ куэд кьызэхэпкIуэхьын хуейт, музыкэ Iэрыуэтэр зэхуэпхьэсу, нобдзэгубдзапIъэу дэтхэнэ лъэпкъ нэщэнмэ гу льыптэу. Радиом и унафэщIхэм трагъэгушхуэри, Хьэсэн а лэжьыгъэм гуащIэшхуэ хилъхьащ Кьардэн Хьэсэн. Илъэс зыбжанэ и пэкIэ Хьэсэн пенсэ кIуэри зигъэпсэжу ятIысыжат, арщхьэкIэ нэзу дэмыкIыу радиом и унафэщIхэм я лъэIукIэ, фIыуэ ильагъу и лэжьыгъэм ар пэрыувжащ. Иджыпсту Кьардэнир Къэбэрдей-Балькъэр радиом и архивым и редакторщ. Илъэс 50-м щIигъуэу я лъэпкъ гъуэзджэм хуэлажьэ Iэщ Iагъэлl IэкIуэльакIуэм дохуэхуэку иджыри куэдрэ узынщэу дяпэ итыну.

АБЕЙ Нэфсэт.

«Бэлэ» фильмым щыщ тепЫэгъуэ.

ЛурыIс литературэм и тхакIуэщхуэм и лIыхъужь и тхыгъэ и лъабжьу траха «Печорин» фильмыр телевизорымкIэ кьызэрагъэлъагъэурэ куэд щIакъым. Тхыгъэми фильмми мызэ-мытIуэ зыщыдзыгъуэза сэ мы лжьыгъэм куэдым сригъэгупсысащ. Ар ехьэлIащ иджырей щIалэгъуалэм ящыщ гуэрхэм я дуней тетыкIэмэ, эманым щыхуэр зэрихьэжми, зи зыхымыхъужу кьыдедгъэкIэ лъапIэныгъэхэми, езы фильмыр теха зэрыхъуами.

УрыIс литературэм и тхакIуэщхуэм и лIыхъужьым хуэдэхэм сыт хуэдэ лъэхъэнэми ущрохьэлIэ. Кьамылэжьа мылъкум игъэуздфахэр, Iуэхущхрэ нэгу зегъэужьным кьыдэмыхуэу щыкIауэ гъащIэр езыхьэкIэхэр нобэрей ди эманми щыкъудш. Эман зэхэзэрыхьыгъэр кьагъэсэбэпу тыиш дыдэу мылъкушхуэ ззыгъэгъэтахэм я бынхэм я нэхъыбэр апхуэдэщ. Абыхэм ящIэркъым гугъуехьыр зищыысыр, ахъшэ якуэдш, зыхуей псори ящIэну хуитщ икIи ялэжь щIэпхьаджагъэхэм папщIэ тезыр гуэри яхьыркъым. Апхуэдэхэм ахъшэкIэ сытри кьащIэхуф - ар щIэныгъэу, Iэнатlэу, кьудыкъуу, щIыхуу ирехьу. Аращи, псори зэуэ икIи гугъуехьыншэу зыгъэтэхэм гъащIэр кьафIэмыIуэхуэр мэхъу, кьрахьэжьэ Iуэхуэр и кIэм зэрынагъэхьи щыIэныгъэ яIащхьэ, щIэщыгъэщIэхщ. Нэхъ щынагъуэращи, апхуэдэхэм я гур щыIэщ, езыхэр гущIэгъунщэщ, ныбжьэгъэгъэм, лъагъуныгъэм ириджэгуфу гъащIэр ирахьэкI. Лермонтовым и Печориным и образымкIэ IупщIу дигъэльэгъуащ апхуэдэ дуней тетыкIэм фIы кьызэрыпхуимыхьыр.

ЗэрытщIэщи, кинор щIэблэм и зэхэщIыкIым знужьыпащIэ мыкъэнэщхуэ зиIэ, зэрагъаэ Iэмалщ. Зи щIалэгъуэхэм экраным щалъагъуэхэр - фIыри Iейри, дахэри гуемыIури - псынщIэ дыдэу псэкIэ зыхащIэ, лIыхъужьхэм щапхъэ трахьму. Ди жагъуэ зэрахъэушри, щапхьэфIэ зытепкIын куэд зэрыщыт лъгъуркъым. Лермонтовым и романыр классикэ литературэм и щапхъэ нэсщ, арщхьэкIэ ар лъабжьэ зыхуащIа иджырей сериалыр зэрытраха щыкIэм дигу иримыкъуэ куэд хэлъщ. Кьапщтэмэ, Iуэхуэр кьыщекIуэкIыр епщыкIуиянэ лIэщIыгъэрауэ кьыщыщызгъэхъу куэд фIымым халъхьафхьым ар тезыхъэм, зыгъэувахэм. Зэрыхабзэщи, тхыдэм теухуа кино щытрахкIэ, артистыщIэ куэд зэгъэжьэгу, а лэжьыгъэхэм кьхьфIэкIэ, а лэжьыгъэм и унафэщIым Лермонтовым и романым кьызэрыгъэхьэгъэнчъ щхьэкIэ. Мис апхуэдэу нэхъапэкIэ «Мосфильмым» щытрахауэ щытащ «Ди эманым и лIыхъужьыр». Абы роль щызыгъэзэщIа артистхэр езыхэр уэркъыу фIэкIа унугъэнтэкъым, апхуэдэкIэ я джэгукIэри, я теплъэри гуапщIэ куущIэ куущIыр епщыкIуиянэ лIэщIыгъэрауэ кьыщыщызгъэхъу куэд фIымым халъхьафхьым ар тезыхъэм, зыгъэувахэм. Зэрыхабзэщи, тхыдэм теухуа кино щытрахкIэ, артистыщIэ куэд зэгъэжьэгу, а лэжьыгъэхэм кьхьфIэкIэ, а лэжьыгъэм и унафэщIым Лермонтовым и романым кьызэрыгъэхьэгъэнчъ щхьэкIэ. Мис апхуэдэу нэхъапэкIэ «Мосфильмым» щытрахауэ щытащ «Ди эманым и лIыхъужьыр». Абы роль щызыгъэзэщIа артистхэр езыхэр уэркъыу фIэкIа унугъэнтэкъым, апхуэдэкIэ я джэгукIэри, я теплъэри гуапщIэ куущIэ куущIыр яхэхъуэкъуэ щIэзыгъэкIуэ. Кино кьрашэкIыр зэзэмыIэ зэжьажэхэм кьахуэкIуэрт. Кьуажэдэсхэм я дежкIэ ар гуфIэгъуэшхуэт, Хьэсэни зы фильм блимыгъэкIыу епIыкIуэ.

Езыр жыIэжэру художественнэ самодеятельностым эт т, уэрэд жиIэрт. А зэманым апхуэдэ артист гупхэм кьэралым щыпсэншхуэ зэритыкIрт, щIэх-щIэжьыгъэ зэхэзыхьэ ирагъэкIуэкIырт. 1957 гъэм республикэм зыхуигъэхьэзырт Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикIу махуэшхуэми, радиом и хорым зэрыгъэбгъуну мурад ящIащ икIи цIыхухэм хьыбар ирагъэщIащ уэрэд жьызыIэ ныбжьыщIэхэм я зэхьэзэхуэ зэрыщIыпэнур. Ар щызыхихьым, Хьэсэн кьалащхьэм кьэкIуащ. Радиом и хорым кьыхьэну хуейхэр куэдыкIейт, ауэ зэхьэзэхуэ хэм тхыкIыфар цIыхуиплIщ. Абыхэм яхэхуащ Кьардэн Хьэсэни.

Хор

Куэдым яцIыку икIи пщIэшхуэ къыхуащI Ажахъуэ Къанщобий. Зэращыхур юрист, экономист Iэзэуц, гугъу зезыгъэхьыф, ерыщагъ хэтъу зыхущIэкъур ззэыгъжъуIэф Iэщ1агъэлI гъуэзэджэущ. Пщэ ин къыщIыхуащIыр, и Iуэхуэм зэрахуэIэижьым къыдэкIуэу, зым щхьэкIи (ар унафэщIыщхуэ гуэру щыгъи) хабзэншагъэ, хьэгъэщагъэ зэрыпхуэмыдэжьыр, гуэм итыыри якъэкIэ сыт хуэдэ псалъапIэми зэрыщыжиIэфырщ. Абы и щапхъэ зыкъомым сыщыгъуэзэщ - ахэр щыпэрытъагъущ Ажахъуэм къыззэринэжIа гъагъапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм.

Зи гугъу сщIыр Къанщобий къызыщатхуэ Куэмэзыкъуей къуажэм фIы дыдэу зэрыщедджарщ. Владикавказ - Ленинград зыщIэхъуэжу щыта Iэщ1агъэжр зэрыщызэрагъэгъуэтарщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым 1975 гъэм къигъэзэжа нэужь, республикэм и прокуратурэм, Совет Нэхъыщхьэм (унафэщIым и дэIэпыкъуэгъуэ), президентыр хаха нэужь, КIуэнIэу Валерий и чэнджэщэгъуэ зэрыщыгъэжьарщ.

А къуэлыкъу гъагъэжи Ажахъуэр зэрыпэрытам, абы и деж Iэджэм чэнджэщ щхьэпэрэ дэIэпыкъуэгъэрэ зэрыщыгъуэтам зыгуфIагъуэу утепсэлъыхь хъунут, тепсэлъыхьыни хуейт. Ауэ щыгъуэм зыщыщIэдзэй, зи Iуэжьыфlкэр хэIэтыкIауэ ягъэлъэгъуэныр зыфIэмыкъабыт лIы хъарзынэм нэхъ къыщIатщ къыкIуа гъуэгуанэм, зыIууа гъэпощхьэкIэ дакъытемыувыIэныр, мы зэманым езыр зи унафэщI лжьакIуэ гупым и Iуэхущафэхэм щIэджыкIакIуэхэр фыщыдгъэгъуэзэныр.



ЗАУЛКIЭ дызэпсэтыыпIащ. Къанщобий псынщIэ дыдэу гу лыитащ экономикэ Iуэхуэм дахэ-дахэу зырыхэзмыщIыкIым. Ауэ абыкIи зыкъызимыгъащIэу, тэмакъкIыхьу, и еджакIуэм дерс иритым ярейуэ, адыгэбзэм зэрыхуэзшэрыуэри сигум кIеъуэбыIэу, си упщIэхэм жэуап къритащ.

- Къанщобий, сыт хуэдэ щIыкIэкIэ ухыхьа банк Iуэжум?

- Президентым и чэнджэщагъу кIуныкIуэм сыкъыпэрыкIыкри, 1992 гъэм къыщыщIэдзауэ, лэжьапIэ зыбжанэ зэдэсхьэрэ сыкъэгъуэгурыкIуащ. Псалъэм папщIэ, илъэситхуикIэ сыщытащ страховой компанием и унафэщIу. Сыззэрылажьэм хуэдэурэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и экономикэ факультетри къэзухати, сэбэп къыскъухъхъащ. КъБКъУ-м щезгъаджэу, нэгъуэщI Iуэхущапlэхэми сапыщIауэ сылажьэу, 1997 гъэм сытегушхэри «Бум-Банкым» и унафэщIым и кIуэдзэу сыкъэуват. Илъэс 12-м нэблагъуэ мы системэм сыхэтщ. Банк дэтхэнэри къэрал хабзэхэм ткIийуэ тетын хуейщи, зэрыгурыIуэгъуэщи, Iуэхуэ фIыуэ хьыжыщыкIыу хьунукъым.

- Фи Iуэхущапlэм зэрнхьэ «Бум-Банк» цIэм къыкIыр сыт?

- ИнджылызыбзэкIи франджыбзэкIи «Бум» псалъэм псынщIэу зызыжь» мыхьэнэ иIэщ. ПщIыр сыткIэ щхьэпэ, «Налышк»-т япэ щыкIэ цIэуэ кхыхахар банкыр зыIэщIэтхъэм. Ауэ апхуэдэу ятхыну Москва зэрыкIуэу, кхыжраIащ «Налышк» цIэмиIэ банк зэрыщыIэр. Аратти, «Бум» псалъэр «кхыщIауэIукIащ».

- Иджырей банкхэм зэфIагъэкI Iужгугъуэхэм я гугъу кхьытхуэщIыкI.

- Илъэсищэ зыбжанэ мэхъу банкхэр кхыззрежьэри, я кхаланхэм, я зэфIэкIхэм хагъахьуэ зэпытщ. Банкыр ахьшэ щахьумэ, ахьшэ зезыгъакIуэ, абы пыщIа Iуэхутхьэбзэ зэмылIэужьыгъуэгъэр кхыщыпхуащIэ Iуэхущапlэщ. Пасъэм папщIэ, ахьшэ зэкуэзыхьэсыну зи мурадым и мыгъкур банкым щекхъумэ, процент гуэрхэри кхыхухагъахъуэурэ. Банкыр яхуоцкъэпэ ахьшэр зезыгъакIуэхэм (нэгъуэщI щIыпlэ езыгъэхьхьэми зыхуарагъэхьхьэми). «Банк счет» жыхуаIэр иIэмэ, ахьшэр кхыздумыхьхьэкIыу, ахьшэ пэлъытэ тхылымпIэ кхуатри (пластикэ картэ, бек-

Нэгумэ Шорэ и фэепIэр, банкым и блыным хагъэуващ.

Зэманыр Iуэхукlэ егъэнщIыф

● Щапхъэ

"Бум-Банкым" и унафэщI Ажахъуэ Къанщобий йопсэлъыIэ и къуэдзэ Верёвкинэ Галинэ, бухгалтер нэхъыщхьэ Маржэхъу Ельдар, абы и къуэдзэ Юсуповэ Iэминат, къудамэхэм я унафэщIхэу Тымышэ Мухьэмэд, Ету Залинэ сымэ.

сель, облигацIэ хуэдэхэр), нэгъуэщI щIыпlэм щыIэ банкым уи мыгъкур кхыщIыкIа бокыж. Кхымыдэкlэ, банкым ахьшэ щIыхуэ ет, зэман гуэрым теухуауэ, уи Iуэхур зэфIэкIмэ, упщынык хъуэ. Къэралым и унафэкIэ банкхэр якIэлъопIъ хабзэншагъэкIэ къыхуэгъэзэжынущ. Ауэ ар къэзыгъэсэбэпхэм. Абы и лъэныкъуэкIэ зыгуэрхэм гурыщхъуэ хуащIмэ, хабзэхъумэхэм хьыбар ирагъащIэри, Iуэхум хагъаплъэ. Банкхэр сэбэп яхуохьу налог зытхэмэ. Жыпlэнурэ къэ, тщIэнчри дэжьынури кхыдолык.

- Ди республикэр къащтэмэ, сэ къызэрысфIэщыжмкIэ, банкхэр куэдыIуэ щыхъуащ. Сыщыуэсу пIэрэ?

- Iуэхур зытетыр мыращ. Совет властым и зэманым дэнэ щIыпlэкIи щыдиIэу щытар къэрал банкхэращ. БгъущI гъэзэм, дэ тхэнэ балигъыни зэрищIэщи, ди къэралым сыт хуэдэ Iуэхуэм «революцэ» щекIуэкIащ. ЗэхъуэкIыныгъэ инхэр игъуэтащ банк системэми. Къэунэхуащ къэралым Iэщ1эмыльтъ, цIыху щхьэхуэхэм, гупхэм къызэрагъэпэща ахьшэ хьумапlэхэр. Урысей Федерацэми хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрми щыIэщ банк зэмылIэужьыгъуэхэр. Абыхэм кхьахэщ илъэс зыбжанэ фIэкIа мылажьэу хэкIуэджажьэри (-Iуащхьэмахуэ», «Черкеси», «Евразия», нэгъуэщIхэри). Апхуэдэу щIэхъуам, дауи, щхьэусыгъуэ иIэщ. Банкым знужьынри зимыужьынри Iужгугъуэ Iэджэм пыщIащ, ахэр Iуэхущапlэм и Iэщ1агъэлIхэм дапщэщи кхальытапхъэу.

Мы зэманым банк щхьэхуэу, бгъущI гъэзэм (е нэхъ нужьыIуэкIэ) кхъызэIуахауэ ди республикэм иIэщ хы. Абыхэм зэхуэдэу заужьауэ схужьыIэнукъым, ауэ лэжьыгъи хэхъуи яIэурэ я Iуэхуэр апэкIэ мэкIуатэ. Ахэр Урысейм и банк нэхъ цIыкIухэм (е курытхэм) я пэпэгъунэгъуу къэплъытэ хъунущ я зэфIэкIкIэ, я кхаланхэм зэрехьулIэмкIэ. Абыхэм нэмыщI ди щIыпlэм щыIэщ къэралым и кхаланщхуэхэм дэт банкхэм я куда-мохэу 15 хуэдиз.

Банкхэр куэдыIуэ? Хьэуэ. Урысейм и курыт мардэм дыпэгъунэгъуу аращ. Жыс-Iэфынущ дяпэкIэ ди банкхэм я бжыгъэр хэбгъахьуэ хъуну. Ахьшэ хъумапlэхэр нэхъыбэу щыIэмэ, щIыхуэм я дежкIэ нэхъыфIщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, я зэпеуэр щIжуэбжьхэу, нэхьыфIу зэрылэжьэным хущIокъу, арыншауэ я Iуэхуэр дэкIыныкъым.

- УзыншафэщI «Бум-Банкым» и Iуэхущафэхэм дыщыбгъэгъуэзэну дыхуейт, Къанщобий.

- Фирмэрэ хьэрычэтыщIхэу 1200-м Iуэхутхьэбзэ яхудощI. Зи ахьшэ зыхуэтхьумэ щIыхуэхэри минипIщIым ноблагъ. Нэхъ дызэгугъуикIи къыдэхъуIэ Iуэхуэхэм ящыщщ щIыпlэ-ди банкым и къудамэхэр зэрызэрыщызэIутхыр. Иджыпсту апхуэдэ къудамэу щы (Бахъсэн, Про хладнэ, Тырныауз) диIэщ. 2007 гъэм абыхэм къахэдгъэхьэнущ Налышк, Дзэлыкъуэкъуажэ, Къэущкъэтау кхыщызэIутхьну Iуэхущапlэхэр. Илъэс дызыхуэкIуэм ди «пъэр» щыдгъэувыну ди мурадщ Май, Тэрч, Лэскэн районхэм, Нартхьалэ.

- Ди Iуэхущапlэхэм ящыщ дэтхэнэми цIыхуипщI-пщыкIущ хуэдиз щолажьэ. Я нэхъ-хэр тэмэму, зэманым екIуу кхызэдгъэпэщащ. Шэч кхьытетхъэркъым абыхэм дяпэкIэ хъарзынэу зэрызауажьынрэ. Прохладнэм щыдиIэ къудамэр зэкIэ зыщIэсыр бэдзэнду къэтщта унэщ. Ауэ мыгувэу а щIыпlэми ди Iуэ хущIапlэр зыхуей щыхуэзэнущ - нэгъабэ къедгъэжьауэ, къатищу зэрэту, унэ щхьэ хуэ къаланкум щыдощI.

ЗэрыгурыIуэгъэщи, гугъуехь кущи зэхъуэ, зэманыншхуи токIуадэ хуэунэгъэ, кхызэгъэпэщыныгъэ лэжьыгъэхэм. Ауэ депIэщIэкIыу, лэжьыгъэр «щIэдгъэхуэбжьэркIым». Нэхъ дызыхущIэкъур унэр фIыуэ, кущ-рэ щытыну, цIыхуэр щытыншыну тщIынраци, абыкIэ зыгуэрым и хьэкъ кыштенэну дыхуейкъым.

- Къанщобий, нэгъуэщIхэм я банк къудамэхэр ди щIыпlэм щыщыIэкIэ, дэри дыхуиткъэ ди ахьшэ хъумапlэхэр дызыхуей щIыпlэкIэ зэрыщызэIутхыну?

- Дыхуитщ. Абыкlэ щыIэ хабзэхэр дымышIэу аракъым КъБР-м и гъунапкъэхэм дыщызэпрымыкIыр. Япэ щыкIэ ди Iуэхущапlэхэр сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэдгъэзэапхъэр кьыдолъытэри аращ. Игъуэгу кьыгтфIэщIмэ, хамэ кхаланхэм «дыIэпхъуэнкIи» зыхуэIуа щыIэкъым.

- «Къэвлэжьыр дэнэ хуэдэхьыр?» - жыпlэу арагъэнщи, ригугъэмкIэ, ди банкым кхыщIыхьэ-щIэкIыжхэм Нэгумэм и фэепlэщ щалъагъуэкIэ, абы щIыхуэкр лъэпкхэм, тхыдэм иригъэпсысынущ. Ари куэд и гущI.

- НэгъуэщI зыгуэрми гу лъыстащ: фи лэжьакIуэ гупым зи щIалэгъуэ куэд яхэтщ. Абыхэм я щIэныгъэ, я лэжьакIэм арэзы утехьуэрэ?

- Пэжщ, ди лэжьакIуэхэм я нэхъыбэр ныбжьыщIэжщ. Ахэр кхыхэтащ Къбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, мэкъумэщ академием щеджакэм я зжьэзэкъэм (юнкурсым). Лэжьапlэ дгъэува нэужьи, нибжьыщIэжхэм я щIэныгъэ-щIэныгъэкIащ. Анзорри Мариие дипломитIэ (ильъ-сищым кхрифыдзу курсипlыр кхунхащI) КъБКъУ-м и юридическэ факультетым щоджэ.

-Зэманыр Iуэхукlэ зыгъэнщIыфыр аращ езыр зэманым и зэфIэкIкIэ. Ауэ ди щIэныгъэ-щIэныгъэ-щIэныгъэ-

● Махуэгъэпс

Дызэрыт мазэм

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 4-м

●1848 гъэм Маркс Карлрэ Энгельс Фридрихрэ я «Коммунист партым и манифестыр» кыдэкIаш.
●1916 гъэм Урысейм и тендджыз кхъухьлъатэзехуэхэр Балтий тенджызыШыIум щеКIуэжIа хьэуа зауэм щытекIуащ. **●Зауэ-тенджызы флотым и авиацэм и махуэщ.**
●США-м и лъэпкъ махуэшхуэщ.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 5-м

●1943 гъэм Курск зауэм щIидзащ.
●Словак Республикэм и лъэпкъ махуэшхуэщ.
●Илъэс 205-рэ ирокIу урыс адмирал **Нахимов Павел** кьызэралъхуэр. 1855 гъэм дунейм екIуэжащ.
●1930 гъэм къалъхуащ филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Апажэ Мухьэмэд**.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 6-м

●1557 гъэм Къэбэрдейр езым фIэфIу Урысейм гухьащ.
●1957 гъэм зэхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и гуфIэгъуэ сессие. Ар теухуауэ щытащ Къэбэрдейр езым фIэфIу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэ 400 зэрырикъум икIи республикэм Ленин орденыр етIуанэу кьызэрыратам.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 7-м

●1687 гъэм Ньютон Исаак кьиухтащ дунейпсо зэщIэшэ зэрыщыIэр.
●1971 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ **КIыщокъуэ Алим** СССР-м и Литературэ фондым и унафэщIу хахащ.
●1928 гъэм къалъхуащ тхакIуэ Iэзэ, фольклорист, литературоведэ, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Абхъазым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Нало Заур.**

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 9-м

●1959 гъэм Налшык и Театр Щхьэнт1Iэм концертышхуэ щитащ Пятницкэм и цIэр зезыхьэ къэрал академическэ хорым.
●Илъэс 75-рэ ирокIу сурэтыщI **Хьэжу Руслан** кьызэралъхуэр. 2002 гъэм дунейм ехыжащ.
●И ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокIу КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, жылагьуэ лэжьакIуэ **Беслъэней Чэмал.**

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 10-м

●1918 гъэм Советхэм я V Урысейпсо съездым РСФСР-м и Конституцыр - ятIа Совет Конституцыр - кьыщащтащ.
●Илъэс 85-рэ ирокIу Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ усакIуэ, Абхъазым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Хьэнфэн Алим** кьызэралъхуэр.
●Илъэс 75-рэ ирокIу КъБР-м щIыхьзиIэ и артистэ, Щоджэн щIыIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакIуэу щыта **Срыкъуэ Хьэмщаесэ** кьызэралъхуэр. 1998 гъэм дунейм ехыжащ.
●И ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокIу техникэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩДАА-м и академик **Сэбаншы Хъусен** кьызэралъхуэр.
●1966 гъэм къалъхуащ КъБР-ми КъШР-ми щIыхь зиIэ я артисткэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал Музыкэ театрым и уэрэджыкIуэ пажэ **Шэрджэс Iэсят**.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 11-м

●1958 гъэм «Кабардинка» къэрал къэфакIуэ ансамблыр Монголием кIуащ, абы и лъэпкъ махуэшхуэм хэтын папщIэ.
●1987 гъэм дунейм цIыхуу тетыр меларди 5 ирикъуащ.
●И ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокIу биологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **КIэрэф Майе.**

●Монголием и лъэпкъ махуэшхуэщ.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 12-м

●1641 гъэм астрахъан хьанышдзэм Балъкъ и деж щIигъэкIуэкIа зауэм хэкIуэдащ Къундет зэшхэр - Чэлимэтрэ Елдаррэ.
●И ныбжьыр илъэс 80 ирокIу КъБР-ми УФ-ми щIыхь зиIэ я сурэтыщI, скульптор **Тхъэкlумашэ Михаил.**
●И ныбжьыр илъэс 60 ирокIу Адыгэ Республикэм и Президентым социологие щIэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Тхъэкlуышнэ Аслъэнджэрий.**

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 13-м

●1908 гъэм Лондон кьыщIэзыухащ IV Олимп Джэгуэр. Абы япэ дыдэу хэтащ цIыхубэхэр.
●1930 гъэм Монтевидео (Уругвай) кьыщIэзыIуахащ футболымкIэ япэ дунейпсо чемпионатыр. Абы къэрал 13 хэтащ. Уругвайр япэ чемпион хъуащ.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 14-м

●1789 гъэм Бастилие быдапIэр (Парижь) кьащтащ. Франджым и лъэпкъ махуэшхуэщ.
●1860 гъэм Урысейм и Къэрал банк кьызэрагъэпэщащ.
●1945 гъэм Париж Текlуэныгъэм и парад щекIуэкIащ. Япэ иту щыкъэзыгъэлъагъуэхэм яхэтащ къэбэрдей бзыльхъэ, Франджым и ЛIыхъужь **Хьэгъундокъуэ Едыдж ипхъу Елмэсхэн.**
●1957 гъэм Налшык щекIуэкIащ СССР-м и лъэпкъэм я тхакIуэхэр зыхэта пшыхь хьэпмэт.
●1965 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым уэрэдымрэ къафэмкIэ и «Кабардинкэ» къэрал ансамблыр щыта **Хьэгъундокъуэ Едыдж ипхъу Елмэсхэн.**
●1967 гъэм Налшык щекIуэкIащ СССР-м и лъэпкъэм я тхакIуэхэр зыхэта пшыхь хьэпмэт.
●1965 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым уэрэдымрэ къафэмкIэ и «Кабардинкэ» къэрал ансамблыр щыта **Хьэгъундокъуэ Едыдж ипхъу Елмэсхэн.**
●1928 гъэм къалъхуащ тхакIуэ Iэзэ, фольклорист, литературоведэ, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Абхъазым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Нало Заур.**

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 15-м

●1669 гъэм Этнэ вулканыр кьихуущ щIидзащ.
●1812 гъэм урысыдзэр Наполеон зэрыстекIуам и щIыхькIэ сапкIот ящащ.
●1939 гъэм Бахъсэн, Аруан, Май, Iуащъхьмахуэ куейхэм газетхэр кьыщыдзэкI хъуащ.
●1957 гъэм РСФСР-м гъуэджэмрэ щэнхабзэмкIэ и лIыкIуэхэм я кIэух концертыр Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкIащ.
●Металлургым и махуэщ.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 16-м

● 622 гъэр муслъымэн махуэзэпсым и щIэдзапIэщ. Ислъамым и къежьапIэщ. Мухьэмэд Бегъымбарыр Мэчэм икIри Мэдинэм кIуащ.
●Илъэс 85-рэ ирокIу тхакIуэ **КIэрэф Мухьэмэд** кьызэралъхуэр. 1993 гъэм дунейм ехыжащ.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 17-м

●1918 гъэм Романовхэ я пащтыкъ унагьуэр Екатеринбург щауэкIащ.
●1942 гъэм Сталинград зауэм щIидзащ.
●1945 гъэм ЕтIуанэ дунейпсо зауэм текIуэныгъэр кьыщыдзыхьа къэралхэм я Iэтащхьэхэм я Берлин (Подстам) конференцыр кьызIуахащ.
●И ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокIу къэрал, жылагьуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Правительствэм и УнафэщIу щыта **Узэк Анатолэ.**
●1934 гъэм къалъхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ, Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтым и лауреат **Зумакуловэ Танзиля.**

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 18-м

●1941 гъэм Къардэн Къуабатий япэ фашист кхъухьлъатэр къырудыкIащ.
●Илъэс 75-рэ ирокIу тхакIуэ, литературоведэ, искусствоведэ **КIырашин БетIал** кьызэралъхуэр. 2002 гъэм дунейм ехыжащ.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 19-м

●1903 гъэм лъакъуэрыгъажэкIэ япэ дунейпсо зэпеуэр екIуэкIащ.

●1942 гъэм Къардэн Къуабатий Березовскай куейм и деж фашист кхъухьлъатитI кьыщIриудыхащ.
●1980 гъэм Москва щыщIидзащ XXII Олимп Джэгуэхэм.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 20-м

●1924 гъэм кьызэрагъэпэщащ Дунейпсо шахмат федерацэр (ФИДЕ).
●Шахматхэм я дунейпсо махуэщ.
●Илъэс 80 ирокIу къэрал, парт лэжьакIуэ, политик **Къущхьэ Хьумар** кьызэралъхуэр. 1999 гъэм дунейм ехыжащ.
●И ныбжьыр илъэс 60 ирокIу экономист ещанэгъэшхуэ, Кубанми Адыгэ Республикэми щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик, РАЕН-ми Нью-Йорк академиеми хэт **Пыхъуэ Энвер.**

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 21-м

●1829 гъэм адыгэлI **Хьэшыр Чылар** япэ дыдэу Iуащъхьмахуэ и кьуэпсIэ щыгум дэкIащ.
●1969 гъэм американ астронавт Армстронг Нил Мазэм и щхьэфэм япэу теуваш.
●1994 гъэм къащтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал Гербыр, Къэрал Пныр, Къэрал Гимныр.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 22-м

●1914 гъэм къалъхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтым и лауреат **КIыщокъуэ Алим.**
●1945 гъэм кьызэрагъэпэщащ республикэм и щакIуэ хозяйствэр.
●Сатум и лэжьакIуэхэм я махуэщ.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 24-м

●1940 гъэм къалъхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист, Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтым и лауреат, композитор щIэныгъэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Гъут Iадэм**.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 25-м

●1472 гъэм шэрджэс кхъухь 24-рэ хы ФIыцIэм зэпырIри Тыркум теуауэ щытащ.
●1943 гъэм Прохладнэ - Налшык гъущI гъэугур зэфIагъэуэвэжащ.
●Илъэс 90 ирокIу Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ тхакIуэ **Ахъмэт Мухьэдин** кьызэралъхуэр.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 27-м

●1841 гъэм Пятигорск пэмыжыжьэу щыIэ Мэшыкъуэ бгы лъапэм щауэкIащ уэрыс тхакIуэшхуэ **Лермонтов Михаил.**
●1981 гъэм кьызIуахащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академиер.
●1991 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэуващ президент кьыщокIуэр.
● И ныбжьыр илъэс 60 ирокIу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ зиIэ и артисткэ **КIэнэтI Лидэ**.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 28-м

●1586 гъэм Европэм кIэртIофыр кьащащ.
●1957 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Кабардинкэ» къэрал къафакIуэ ансамблыр Студентхэмрэ щылэгъуэлэмрэ я фестивалу Москва щекIуэкIам и лауреат хъуащ.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 29-м

●Илъэси 190-рэ ирокIу урыс сей сурэтыщI цIэрыIуэ **Айвазовский (Айвазян) Иван** кьызэралъхуэр. 1900 гъэм дунейм ехыжащ.
●Урысей Федерацэм и Зауэ-хьэдыжьэ флотым и махуэщ

МЫ ГЪЭМ:

●Илъэс 299-рэ и пэкIэ (1708) кьрым хъан Къалпъэн-Джэрий и дзэр Къэбэрдеим кьыгетуат. Абы текIуащ адыгэпсI Хьэтlохъуэкъуэ Кургъокъуэ и дзэр.
●Илъэси 170-рэ и пэкIэ (1837) къалъхуащ адыгэ тхакIуэ цIэрыIуэ **Кlашэ Адэл-Джэрий**.
●Илъэси 105-рэ и пэкIэ (1902) «Этнографическое обозрение» журналым тридзащ Къэшэж Палиб и «Хьэнцэгуащэ» тхыгъэр.

Зыгъэхьэзырар
УЭРЫШ Нурхьэлийщ.

Псэм щыщ Iыхьэ

Дэтхэнэ щIыхуми езым кьелэжьыж кьыхуащI пщIэр. Дауи, ар зы махуэ е зы мазэ гуащIэдэкIым кьыпэкIуэ фIыгъэкьым, атIэ и щIыхь хэтыкIэ дахэм, и гъашIэ гъуэгуанэ купщIафIэм, и хьэл-щэн екIуэм кьыпэкIуэ гуапагъэщ. Апхуэдэ щIыхь и пащщ КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ, УФ-м щIыхьэм щIэныгъэ етын Iэнатlэм и лэжьакIуэ нэхьыфI, мэкъумэш щIэныгъэхэм я кандидат Iэрыпщщ. Псэмхьыд. Абы и гъашIэ псоу щIблэр гъэсэныкъэ егъэджэныкъэ тыхь хуищащ.

IЭРПЩЭМIуэхукIэ ирихьэлIа щIыху куэдым жаIэ абы зэфIых сыт хуэдэ лэжьыгъэмкIи и псэм щыщ Iыхьэ хилъхьэ у. Ильэс 55-рэ и пэкIэ егъэджакIуэ Iэнатlэм пэрыуа Исмэхьыл абы щыгъуэ хэльа хьэлэщныфIхэм ящыщу зыри Iэщщыр ищIакъым, атIэ нэхъри ящIэкIыжу ягъэзэрауэ. ЕгъэджакIуэ щIалэ-щIэр гугъуехьхэм ящапимыкIуэт, псэ хьэлэлкIэ и гъэсэнхэм ябгъэдэт, щыджэрагъэшхуэ зыхэль Iэщщагъэлт. Зэманым кIэщIым кьрихуибуэу егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм хуэIэижь хъуа Исмэхьыл школакIуэхэм биологиемкIэ ябгъэдэтхьэ щIэныгъэр нэхъ куу зэрищIыным хущIэкIыр т.

Программэм кьрит Iэмалхэм абы дыщIигъурт классщIыб лэжьыгъэ купщIафIэ. Абы кьызэригъэпэщауэ игъэлажьэрт «Натуралист ныбжьыщIэ» гуп хьэлэмэтыр. Щэджэм дэт курыт едхапIэ №1-м кьалэхэ щапIэмрэ кьуажэм щыIэхэт колхозым и губгъуэхэмрэ Iэрыпщэмрэ абы и гъэсэн натуралист ныб жьыщIэхэмрэ мэкъумэшым, щIыпуэсым екIуэлIа кьэхэтуэныгъэ гъэщIэгъуэнхэр икIи сэбэныпхъэгъыщхэ зыпылъхэр щрагъэкIу экIырт. Апхуэдэ лэжьыгъэхэмкIэ Iэрыпщэр яныщIат КъБКъУ-м и щIэныгъэлIхэм. Кьащтэмэ, а лъэхъэнэм ди университетым и ректору щыта КIэрэф Къамболэт и нэIэм щIэту лэжьыгъэшхуэ зэфIахыр т. Бжьыхьэсэ гуэдзыр Iуахьжа нэужь, а щыпIэ дыдэм Iусыпхъэ тэмэм кьызэрытехьыфIыну щыкIэхэм текуухуат ар.

Iэрыпщэмрэ абы и гъэсэнхэмрэ я зэфIэкIхэр мызэ-мытIэу щагъэлъэгъуащ Союзпсо мэкъумэш егъэджэныгъэмкIэ куей Iуэхущащэм Iэщагъэлт пашэу щыIэжащ. А лъэхъэнэм кьурыдыдзу абы кьигъэщIэрэщIэжащ зэхъуэкIыныгъэхэм я зэнаIэ хьэлъэм зэбгрыщэщыжа сабий, ныбжьыщIэ зэгухьэныгъэхэр. Апхуэдэ Iужуу17-м лэжьэн щыщIадзэжащ екIуэкIуэ мини 10-м щIигъу кьызэщIэзыубыдэ ныбжьыщIэ зэгухьэныгъэхэм. Абыхэм щекIуэкI лэжьыгъэхэр хуэунэтIащ лъэпкъ хабзэмрэ щэнхабзэмрэ кьэзэгъэжьыным, Iуэрыуатэр зэхуэхьэсыжьным, дыкъэзыухъурейхь щIыуэпсыр хьумэным, зэчий зыбгъэдэлъ ныбжьыщIэхэр наIуэ кьэщIыным, нэтуэщIэжьмэ. Гупхэм я зэфIэкIхэр екъулIэныгъэкIэ щагъэльагъэ куейпсо, республикэпсо утыкухэм. Iэрыпщэр зрагъэуфIэ икIи иропагэ и гъэсэнхэм я текIуэныгъэхэм.

Исмэхьыл апхуэдэуи жыджэру холэжьыхь зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм и куей зэгухьэныгъэм кьиIэт Iуэхухэм. Ар щIэх-щIэхыуэр щалэгъуэлъагъэм яхуозэ. Жылагьуэм щагъэпIуэ IэщагъэлI щыпкъэм и дэтхэнэ псальэмэ пщIэ иIэщ.

Иджыблагъэ Iэрыпщэр кьалытащ "Щэджэм кьалэм щыхь зиIэ и цIыхуу". Щалъхуа и щIыпIэр егъэфIэкIуэным, абы зегъэжьыныгъэм зи гъашIэр хуэфащэщ дыдэщ. Ар кьихьащ и кьаруи, зэфIэкIи, зэманми емыблэжщ цIыхухэм зэрахуэлажьэмкIэ. Iэрыпщэм дохьуэхьу и щIыхьымрэ и пщIэмрэ нэхъ льагъэ хьуэу куэдрэ псэуну, зи пуаIэ щIэрихьэлIэ щIэблэм я гуфIэгъуэ. ЗехьулIэныгъэ, текIуэныгъэ куэд иджыри ильагъуну.

УЭРЫШ Асльэнбий.
Щэджэм кьалэ.

● Егъэджэныгъэ

Я зэфIэкIыр ягъэльагъуэ

Лэскэн районым хьыхъ Анзорей кьуажэм дэт ЩIыхьэ творчествэмкIэ район центрым иджыблагъэ щрагъэкIуэкIащ щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я зэхьэзэхуэ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр Урысей къэралыгъуэм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ щрикъум. Лэскэн районым щэнхабзэмкIэ и лэжьакIуэхэм я махуэм ирихьэлIэу зэхаубла махуэшхуэм и кьызэгъэпэщакIуэри ешэныгъэ щIэныгъэмкIэ и кьудамэм и унафэщI Зыхь Маритэщ.

ЗэпеуэМ и мыхьэнэ нэхьыщхьэр районым и щэнхабзэ Iуэхущ1апIэхэм я лэжьакIуэхэм я творческэ зэфIэкIыр щIыхуэм егъэлъагъэныр. Абы кьыдэкIуэри я лэжьыгъэм и пщIэр къэзэтыныр ар нэхьыщIэхэм щапхъэ яхуэщIыныр Iуэхум кьыхальытащ.

Зэпеуэм хэтащ районым и Щэнхабзэмкl уинибгъэм, Центральнэ районым библиотекэм, Анзорей кьуажэм дэт гъуэздджэмкIэ сабий еджапIэм я лэжьакIуэхэр. Зэхьэзэхуэр Iыхь зыбжанэу Iуэшащэу щытащ. Псальэм папщIэ, ахэр зэпеуащ кьызэхуэсахэм зэрызыкIрагъэщIыхуамкIэ, гупым я пашэхэм я зэфIэкIымкIэ, ящщэфIа шхыныгъуэхэмкIэ, нэгъэщIэхмкIи.

КьэпщытакIуэ гупыр Iуэхум бгъэдыхьащ лъэныкъуэ зыбжанэкIэ. Гупым хэтхэм яку дэлъ зэхуэмыIуэ зэрагъэр, я Iуэху ятыкIэр, ягъэзащIэ Iуэхугъуэхэр адрейхм кьаэрыщхьэщыкIыр, нэгъуэщIхэри кьалытэрэр, пашэхэр ягъэбеджыклащ. Жюрим нэхьыфIу кьилытащ Узэрэдж, Лэскэн IЕ, Аргудан, Ерокъуэ, Ташлы-Тала кьуажэ клубхэм я лэжьакIуэхэм я зэфIэкIыр. ТекIуахэми зэхьэзэхуэм хэтахэми щIыхь тхылъхэмрэ саугъэтэхэмрэ иратащ.

ЗэIущIам кьрихьэлIат КъБР-м щэнхабзэмрэ къэрагъеIащI ЮнатIэхэмкIэ и министрым и кьуэдзэ Джэрыджэ Арсен, а министерствэм и кьудамэм и унафэщI Садыковэ Ларисэ, республикэм и Парламентым и депутатхэу Кебеков Владимир, Щоджэн Мартин, Къэрэшей Беслъэн сымэ, УБЭП-м и унафэщI Табыхьу Асльэнджэрий, Лэскэн районым и администрацэм и тхьэмадэм и кьуэдзэхэр, кьуажэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, Анзорей жылэм кьыдэкIа щIыху щIэрыIуэхэр, нэгъэщIэхэри.

Махуэшхуэр ягъэдзхащ, кьызэхуэсахэм я гукъыдэжыр кьаIэтащ зэрэдымрэ кьафэмкIэ «Анзорей» щIыхьэ дамэм и кьэфакIуэхэм, абы и уэрэджыкIуэхэр Насып Астемыррэ Мэкъуэуэ Тимуррэ.

ИСТЕПАН Залиев.

ХьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ.

● Футбол

Хьэгъэжьыкъуэ Резуан зэIущIэгъупщэрэкъуэм

Сэрмакъ кьуажэм футболымкIэ зэхьэзэхуэ щыкъэхтащ. Илъэс етIуанэ хьэуагъэ ирагъэкIуэкI зэпеуэр фэеплъ хуащIа Хьэтэжьыкъуэ Резуан Адэлбий и кьуажэм и «Минерал» командэ къыхэхам илъэс 14-кIэ щыIыгъуащ, гъуащхьэхьэжьэ ахьыршэману щытащ. И ныбжьыр илъэс 26-рэ фIэкIа мыхьэуауэ гуузу дунейм ехыжа я кьуажэгъэр ящыгъупщэркъым щколым кьыдыщIэхаухэм, командэм къыдыхэтахэм, я ныбжьыгъуэм, я Iыхьлыхьэм.

ЗэпеуэМ хэтыну къекIуэлIахэр куэд хьэрт. Ауэ командэ псори дзэгуэныгъэмкIэ кьыхэзэрныкIым тращIыхьри, Хьэтэжьыкъуэр зыхэта «Минералыр», мафIэсгъэнкIыфIхэм, апхуэдэуи ветеранхэмрэ щIалэрэгъуалэмрэ я гупхэр зэпрагъэуэну кьыхахащ.

Япэу зэIущIар «Минералымрэ» мафIэсгъэнкIыфI частым и командэмрэгъ. Егъэлеяуэ зэрыхуабэм кьымыгъэландзэу зэIущIэр дахэу екIуэкIащ, топ тIуныгI дагъэкIащ «Минералым» нэхъ т гушхуэу дежи щIидзэри, япэ ищащ. Ветеранхэм я гупым зэуалэмрэ я командэхэмрэ зэхуэдэу къагъэзэгъуащ. «ЛIыжьхэм» щIалэрэгъуалэр кьрамыдзащэу джэгун щIадзат, ауэ зэхьэрхуэрэгъэхэм япэ топыр кьыжу дагъэкIыу нэхъри къеБгъэрыкIуэу щыхуежьэм, щIакъэщащ, ауэ Iэмалрэ зэфIэкIыр яIэр кьагъэсэбэпами, щIалэгъуалэр гупыр текIащ.

КIэух зэпеуэм «Минералымрэ» щIалэгъуалэ командэмрэ зэхуэдэ джэгункIэ дахэ кьагъэзэгъуащ, ауэ ерыщу текIуныгъэм щIэбэна ныбжьыщIэхэр текIуащ. ЖыпIэ хьунущ Сэрмакъыр зыщагъуэтыр командэ къэзыгъуащ.

Фэеплъ зэпеуэм бжьыпкъэр щызыбыда щIалэгъуалэ командэм Хьэтэжьыкъуэ Резуан и кьуэш Хьэжмухьэмэд кьыбгъэдкI кубокыр, адрейхэм саугъэтхэр ираташ.

ЗэIущIэ нэужьым зэхьэзэхуэм кьекIуэлIахэр ирагъэблагъащ Хьэтэжьыкъуэхэ кьагъуэва ерыскыы Iэнэм.

ХЬЭМТУ Муэед.

Дзэкъулыкъум контрактIэ сызыжьын у хуэнкъэ

Налшык кьалэм и военнэ комиссариатым зи ныбжьыр илъэс 40-м щхьэдэмыхуэу запасым щыIэхэр контрактIэ дзэм кьулыкъу щащIыну иреджэ, Кавказ Ищхъэрэ военнэ округым и дзэхэм хагъэхьэн щхьэкIэ.

Дзэ къулыкъур контрактIэ езыхьэкIыну хуейхэм Налшык кьалэм и военнэ комиссариатым зыхуагъэзэн хьунущ мыпхуэдэ щIалэмэкIэ: Красноармейскэ уэрам, 26, 24-нэ пэщ, телефон 44-10-83.

● ХъыбарегъащIэ

КъБР-м Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ ЮнатIэхэмкIэ и министерствэм гуауэ щыхьуауэ хъыбар фегъащIэ гъуэздджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ институтым щэнхабзэмрэ гъуэздджэмкIэ и колледжым и егъэджакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Хьэхьупащ Людмилэ Петр и пхъур** зэрылIамкIэ икIи дунейм ехыжам и Iыхьлыхьэмрэ и благъэзэжьмрэ яхуогузавэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФЫЩIЭ Мухьэмэд

РЕДАКIЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
ЖьэкIэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыкъ Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), ГъущIо Зариф, Жылаев Маритэ, Льостэн Музэ, Ныбжьы Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Шал Мухьэмэд.

ДИ ХЭщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ешIапIэ и къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагьуэмрэ лъэпкъ IуэхугъэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэуэ Iуэхущ1апIэхэм я дзэлажьэныкIэ - 42-60-53; гъэсэныгъэмкIэ, спортымрэ пщымоуэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэтчэхэм - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэныту щытыкIым.
Газетыр IэтащIахэм яхуэхьыпIэр и пщIэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 42-06-51, 42-19-59.
Газетыр щэныжьэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Зы льэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
КъБР-м ЩIэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ ЮнатIэхэмкIэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и кьуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Ширдий Маринэ, корректорхэу Щоджэн Инир (1,4-нэ пап.), Табыш Динар (2,3-нэ пап.) *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ:* Щакlуэ Мадинэ, *сурэтыщI* Бицу Жанэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер ЮнатIэм щагъэхьазыращ.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щыгъуазэм сыхьэт 22.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.005● Заказ №2028